# Заманхо

Нохчийн яздархойн тептар

август, 2018 ш.





*Кху шеран 23-чу августехь 67 шо кхочу Нохчийн Республикин хьалхара Президент, Россин Турпалхо, Нохчийн халкъан тхьамда – Кадыров Ахьмад-Хьаьжа дуьненчу ваьлла. Вайн халкъ маьрша, ирсе дахийта, шех махкана тIера сагIа дина бакъдуьнена дIавахана иза. ДIавахана гутаренна а халкъан дагчохь, иэсехь виса. Ахьмад-Хьаьжа санна болу къонахий цкъа а леш бац. Уьш халкъан иэсехь – иллешкахь, назманашкахь, кхоллараллехь беха.*

*Баккъал а доккха хьуьнар, кхетам, доьналла долуш къонаха вара Ахьмад-Хьаьжа. Массо хIуманна а хьекъал кхочура цуьнан. Муьлхха а хIуманна сиха духе кхиарал сов, цунна дикка хьалха гора хила тарлуш дерг. Цунна хаьара оцу я вукха некъо халкъ стенга кхачор ду, халкъана пайда я зен дийр ду.*

*Тахана вайн кхоллараллин нехан декхар ду оцу сийлахьчу стеган – Ахьмад-Хьаьжин дахаран некъ халкъанна ма-барра дIабовзийтар, нохчийн къам хIаллакьхуьлучура кIелхьарадаккхарехь, Россин цхьаалла ларъярехь цо лелийна мехала маьIна гайтар. Оцу жоьпаллин декхарх кхета а кхеташ, яьккхина гIулч ю Ахьмад-Хьаьжина лерина накъосташа, кханенга ца тоьттуш, хIинцехь язбина охьабахка беза нохчийн халкъан цуьнан кхолламах долу хIора дош, цо яьккхина йолу хIора гIулч.*

*Дала мукъ лахь иза йовзийта а хьовсур ду-кх тхо.*

*ИБРАГИМОВ Канта*



# НОМЕР ЖУРНАЛА ПОСВЯЩЕН 67-ЛЕТИЮ СО ДНЯ РОЖДЕНИЯ ПЕРВОГО ПРЕЗИДЕНТА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ, ГЕРОЯ РОССИИ АХМАТ-ХАДЖИ КАДЫРОВА

ЗАМАНХО.
2018 ш. август
Нохчийн яздархойн тептар

Журнал диллинарг:
Нохчийн Республикин яздархойн Союзан правлени.

Редакцин кхеташо:
Ибрагимов Канта - *куьйгалхо*
Ахматукаев Адам
Яричев Iумар
Шамсудинов Бувайсар
Дадаев Сайдхьасан
Юнусов Хьамзат
Закриев Iийса

Дизайн, верстка:
Сагайдакова Ольга

Материалашна зорбатуху нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь

Редакцин адрес:
Соьлжа-ГIала,
364026, А. Пушкинан урам, 6
Тел.: 8 (8712) 22-51-24





*«...Кадыров Ахьмад-Хьаьжех дош ца олуш Iойла дац. Иза, билггал, башха стаг вара – вуьззина къонах, оьзда, доккха доьналла долуш, майра стаг. Цкъа а шена хIума ца доьхура цо. Даима а, муьлххачу а хенахь цхьаьнаккхетча а, хIуъа дуьйцуш хилча а – массо а хIума а, хьовззадой, нохчийн халкъан хьашташна тIедаладора цо. Иза санна кIентий болчу къоме ларам ца хуьлийла дац»*

*В.В.ПУТИН*



**КАДЫРОВ Рамзан,**
**Нохчийн Республикин Куьйгалхо,**
**Россин Турпалхо**

*Нохчийн Республикин хьалхара Президент, Россин Турпалхо Кадыров Ахьмад-Хьаьжа Делах чIогIа тешаш волу бусалба, дерриге а дуьненна веваш волу Iеламстаг, кхетаме, хьуьнаре политик, майра бIаьхо, шен доьзалан дика да а вара. Иза гуттар а халкъаца вара. Адамийн хьашташ а, лаамаш а Кадыров Ахьмад-Хьаьжина дерригенал а деза дара.*

Ахьмад-Хьаьжа Нохчийн Республикин коьрте хIоьттира республикехь кегаре а, Iедал дацар а, зуламхоша шайна луъург лелочу а муьрехь, халкъо хиндолчух тешар дIа а даьлла, дог диллинчу хенахь.

Цуьнан болх дахарна гуттар а кхерам болуш бара. Амма иза цкъа а юха ца волура! Цо тIаьххьарчу хене кхаччалц маьршачу, зовкхечу хиндолчунна тIе дигира вай.

Амма цуьнан уггаре а боккха толам бара политически а, тайпанийн а, вирдийн а билгалонашца барт боьхна, къаьстина долу халкъ, цхьабарт беш, цхьаьнатохар. Иза бу, Россин Президента Путин Владимира гIо а лоцуш, цо Нохчийчохь тIом а, цIий Iенош болу бохамаш кхуллуш долу бахьанаш а гуттаренна а дIадаха Ахьмад-Хьаьжин таро хилийтина болу бух.

Тахана вай кхечу республикехь дехаш ду. ХIора дийнахь схьайоьллу керла объекташ: стадионаш, больницаш, школаш, берийн бошмаш, махлелоран-самукъадаккхаран туьшаш. Сихачу боларшца кхуьуш а, кхерам боцуш а йолу регион хиларе терра, Россин кхечу субъекташна масална хIиттош ю Нохчийн Республика. Иза а дуьззина Кадыров Ахьмад-Хьаьжин хьуьнар ду. Вайн дуккха а къаьмнийн халкъ машарехь, цхьабарт болуш дехаш ду, ткъа регион ша маххахь уггаре а цхьаьнаэшшара кхуьуш а, кхерам боцуш а хилла дIахIоьттина.



# Кадыров Іабдул–Хьамидан кІант Ахьмад

*Вина 1951-чу шеран хьаьттан (август) беттан 23-чу дийнахь Казахски ССР-н Караганда гІалахь. 1957-чу шарахь КадыровгІеран доьзал, берриге а нохчий санна, Казахстанера Нохч-ГІалгІайчу цІабирзира. Шелан (хІинца Курчалойн) кІоштарчу (Хоси-Юьртахь) баха хевшира цуьнан цІийнах нах.*

1968-чу шарахь БІачи-Юьртара юккъера школа чекхъяьккхинчул тІаьхьа Невран кІоштан Калиновски станицерчу комбайнерийн курсашка деша вахара.

1969-чу шарера 1971-чу шаре кхаччалц болх бира Гуьмсан кІоштарчу «Новогрозненски» цІе йолчу дугалелочу совхозехь, цул тІаьхьа – СССР-н регионашкахь гІишлошъяран организацешкахь.

1980-чу шарахь Гуьмсан рузбанан маьждиган сацамца Бухара «Мир Араб» цІе йолчу хьуьжаре деша вахара Кадыров. Иза чекхъяьккхинчул тІаьхьа цо дийшира Ташкент гІалин Исламан институтехь.

1986-чу шарера 1988-чу шаре кхаччалц Гуьмсан рузбанан маьждиган имаман гІоьнча вара иза.

1989-чу шарахь Ахьмада схьайоьллу Шелан кІоштан Курчалой-Эвлахь Къилбаседа Кавказехь дуьххьарлера Исламан институт. Цуьнан ректор хуьлу хІара.

1990-чу шарахь Кадыров деша воьду Аманехь йолчу Исламан университетан шариІатан факультете. Амма 1991-чу шарахь вайн махкахь хилла хиламаш бахьанехь, дешар юкъах а доккхий, цІа воьрзу. Цо а, цуьнан накъосташа а, собаре кхойкхуш, болх бо халкъалахь.

1993-чу шарахь Нохчийчоьнан муфтин наиб хоржу Кадыров, ткъа 1995-чу шарахь цунах Нохчийчоьнан муфти хуьлу.

Нохчийчохь хІоьттина чолхе хьал герзашца къасто деза бохучарна дуьхьал волу Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Иза реза вацара нохчийн халкъ керлачу тІамна тІедало гІерташ волчу Масхадовний, Басаевний. Церан зуламе гІуллакхаш халкъалахь емалдан волало Ахьмад-Хьаьжа.

1997–1998-чуй шерашкахь Кадыровн, Масхадовн юкъаметтиг галйолу.

1998-чу шеран мангалан (июль) беттан 25-чу дийнахь Кадыровн кхайкхамца Соьлжа-ГІалахь дІаяьхьира Къилбаседа Кавказерчу бусалба нехан Конгресс. Конгрессан декъашхоша къобалбира Кадыровс экстремизмана дуьхьал дІахьош болу къийсам. Нохчийчоьнан, Дагестанан, ГІалгІайн динан урхаллийн куьйгалхоша емал йира экстремистийн (организацеш) тобанаш. Кадыров Ахьмад-Хьаьжас Масхадов декхарийлахь вира зуламе тобанаш Нохчийчуьра араяха.

1999-чу шарахь Басаевн, Хаттабан зуламе тобанаш Дагестанна тІелеттачул тІаьхьа, Гуьмсан, Нажи-Юьртан, Курчалойн кІошташ «экстремизмах паргІат йолу зона» ю аьлла дІакхайкхийра Кадыровс. Иза луьра дуьхьалвелира Нохчийчу шолгІа а тІом балорна.

1999-чу шеран товбецан (сентябрь) беттан 25-чу дийнахь Гуьмсехь хиллачу гуламехь Кадыровссий, цуьнан накъосташий дІахаийтира шаьш герз а карахь экстремисташна дуьхьал довла кийча хилар.

1999-чу шеран эсаран (октябрь) беттан 10-чу дийнахь Кадыров «нохчийн къоман мостагІ ву», аьлла указ арадаьккхира Масхадовс.

2000-чу шеран асаран (июнь) беттан 12-чу дийнахь Россин Президента В.В.Путина шен Указаца Нохчийчоьнан Администрацин Куьйгалхо хІоттаво Кадыров Ахьмад-Хьаьжа.

2000-чу шеран хьаьттан (август) беттан 12-чу дийнахь Кадыровс шуьйрачу хаамийн гІирсашкахула кхайкхам бира Іедална дуьхьал лаьттачаьрга, герз охьа а диллий, машаран новкъа хІитта, аьлла.

2001-чу шеран хьаьттан (август) баттахь Россин Президентан Указаца цунна елла ДоттагІаллин орден.

Нохчийн Республикин Конституци тІеэцаран Іалашонца 2003-чу шеран бекарг (март) беттан 23-чу дийнахь дІаяьхьначу референдумал тІаьхьа, керлачу



Конституцица догIуш ма-хиллара, Кадыров Ахьмад-Хьаьжа Нохчийн Республикин Президентан декхарш кхочушдеш вара.

2001-чу шарахь Кадыров Ахьмад-Хьаьжас чекхйоккху ХIинжа-ГIаларчу урхаллин а, бизнесан а Институтан экономикин факультет.

2003-чу шарахь Кадыров Ахьмад-Хьаьжас Россин Iилманийн академехь чIагIйо политикин Iилманийн кандидатан диссертаци.

2003-чу шеран эсаран (октябрь) баттахь дIабаьхьначу дерриге а халкъан харжамашкахь Кадыров Ахьмад-Хьаьжа Нохчийн Республикин Президент хоржу. Цунна 403 490 харжамхочо шен кхаж дIало.

Кадыров Ахьмад-Хьаьжа Нохчийн пачхьалкхан университетан а, Москварчу кхузаманан гуманитарни институтан а сийлахь профессор вара.

2004-чу шеран хIутосург (май) беттан 9-чу дийнахь Соьлжа-ГIалахь йинчу терактехь Кадыров Ахьмад-Хьаьжа дIакхелхира.

2004-чу шеран 10-чу майхь Россин Президентан В.В.Путинан Указца Кадыров Ахьмад-Хьаьжина Россин Турпалхочун сийлахь цIе тиллина.

# Нохчийн къоман кхане серла яккхинарг

*БисмиллахIиррохьманиррохьийм!*



*Атта дац ду Ахьмад-Хьаьжех лаьцна дийца а, иза вайна юкъахь цахилар тIелаца а. Вайн халкъан кхане ирсе хилийтаран дуьхьа шен дахар дIаделла цо. Иза вайца вацара аьлла ца Iаш, вай дагалоьцу цо дина гIуллакххаш а,цо дийцинарг а.*

**КАДЫРОВ Хожа-Ахьмад, Къилбаседа Кавказан Iалимийн кхеташонан куьйгалхо**

Вайн халкъ халачу киртигах чекхдаьлла. Вайн дуккха а вежарий бакъдуьнена дIакхелхина. Вайн халкъан, Даймехкан, динан сий дайа гIиртинчу муьрах чекхдевлла вай. Цхьадолу адамаш вайна шаьш лелош долу дин цIена ду бохуш чIагIдан гIертара. Динан кхайкхамашца иблисан лаам кхочушбан гIертара уьш. Оцу адамаша, динна тIехьа а лечкъаш, вайн халкъ тIеман цIерга кхоьссира.

Оцу заманчохь вайн халкъа юккъехь гучубевллера цхьа къонахий. Уьш вай кIелхьарадаха гIиртира. Делахь а, Лекхахинволчунна гуш ду-кх хIора стеган дог, нийят. Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла-кх бусалба стеган нийят цуьнан гIуллакхал а тоьлаш ду. Ахьмад-Хьаьжин нийят дара нохчийн халкъ оцу балех хьалхадаккха. Халкъ Iазап хьоьгучу некъа тIера дIадаккха цуьнан лаам хилар бахьана долуш, Лекхахинволчо (С.Т.) цунна гIо дира, Ахьмад-Хьаьжа халкъана коьрте а хIоьттира. Цо оцу новкъавала сацам бича, оха, цуьнан уггаре а гергарчу наха, цу юккъехь цуьнан дас а, биц-царе бира цо бина сацам. Дийцира цо хаьржинарг вуно хала, чолхе, кхерамах буьззина, некъ хиларх лаьцна. Оха цуьнга элира мостагIаша хаддаза кIелонаш йийр ю, тешнабехк бийр бу, ямартлонаш, питанаш лелор ду, аьлла. Амма Ахьмад-Хьаьжас шена тIелаьцнера вахабизман букъ кагбар. Иза харц болам бу, цо адамашна юккъехь цабезам баржабо, вай оцу некъа тIера дIадовла деза олура Ахьмад-Хьаьжас. Вай вайн дайша лелийна долу, Мухьаммад Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьехна долу, вайн эвлаяаша вайга схьакховдийна долу дин лелон деза бохура цо. Оцу Iалашонца дIаболийра шен хала некъ Ахьмад-Хьаьжас. Цо вайн халкъана гайтира и некъ, халкъо иза къобал а бира. И некъ къобалбеш боцурш а бара. Цунах ца кхеташ берш а бара.

Юьхьанца кIезиг адамаш дара, герз кара а эцна, иза ларван кийча. КIезиг бара интеллигенцин векалш – поэташ, профессорш, яздархой. Адамаш кхеташ дацара цунах. ХIетте а, цуьнан нийят а, ойла а цIена хилар бахьана долуш Везаволчо (С.Т.) цуьнан гIо дира цо дIадолийначу массо а хIуманна тIехь. Ахьмад-Хьаьжех политик хилира. Политик а, Iеламстаг а волуш ца веанера иза дуьнен чу. Бусалба динан Iилма Iамийна хиларна республикин муфти хаьржира. Цо вайн халкъ хIаллакьхиларх кIелхьарадаьккхира. Иштта висина иза вайн иэсехь.

Дуккха а бIешерийн йохаллехь тхан доьзал бевзаш бара бусалба дин лерина лелорца, шен Iалимашца. Тахана а хаьдда дац и гIуллакх, ламаст. Ахьмад-Хьаьжас шен дегара а, ненера а схьаийцира дин. Иза диканна, бакъонна тIеккхийдаш вара, цкъа а ца дуьйцура бакъдерг бен, иза хьанна а ца дезалахь а. И бахьанехь халкъ цунна тIедирзира. Цхьадолу адамаш ца кхетара цунах, амма цо хаьржина некъ цIена хиларх кхетча, цуьнан бIанакъостий хуьлий дIахIуьттура, цунна гIо дора. Цунна дуьхьал хилларш къера хуьлура шаьш галдевлла хиларна, билгалдоккхура Ахьмад-Хьаьжа генна хьалха хьажа хууш, хиндерг гуш хилар. Ахьмад-Хьаьжас олура, оцу агIор леш берш а, вукха агIор леш берш а нохчий бу, вай вовшийн хIаллакдеш ду. Кхидолу халкъаш санна даха хьовсий вай?! ХIора дийнахь бохург санна дуьйцура цо иза. Шен сийлахь, деза декхар кхочушдина валлалц Лекхаволчо (С.Т.) ларвира иза кIелонех, тешнабехках, бохамех.

Ахьмад-Хьаьжас дика кIант кхиийна, шен некъ дIакхехьа, ша дагалаьцнарг чекхдаккха хьуьнар а, доьналла а долуш волу. Тахана дерриге а дуьне цецдаьлла ду Нохчийчохь хуьлучу хийцамех. Iилманчаша, экономисташа чIагIдора Нохчийчоь меттахIотто мел лаххара а 50 шо дезар ду, бохуш. Амма Ахьмад-Хьаьжин кIанта масех шарахь меттахIоттийра Нохчийчоь. Берлин а, Сталинград а санна йохийна хилла йолу Нохчийн Республика кхо-диъ шо далале цIинъелла дIахIоьттира. Йохийна хилла цхьа а юрт, гIала, урам, школа, больница ца йисира метта ца хIоттош. Болх бан йолаелира больницаш, школаш, институташ, университеташ, маьждигаш, хьуьжарш. Шен неIарш схьайиллира Европехь уггаре а доккха долчу маьждиго. МеттахIиттийра, то а дира республикера дерриге а зеяраташ, царна тIедоьлхуш долу некъаш. Газ йигира иза цкъа а хилла йоцчу ярташка а тIехь. И берриге а дика белхаш байтинарг Ахьмад-Хьаьжин кIант Рамзан ву. И берриге а АллахIан къинхетам бу. Иза ден нийят цIена хилла хиларна тоьшалла ду, Дала цуьнан нийят къобалдина хилла хиларна тоьшалла ду. Лаьтта тIехь волчу цхьамма динчунна Ша резахилча, Везачу АллахIа и волчу Жабраил малик хьажадо, безамца цуьнга хьажийта, иза ларвайта. Жабраил цуьнга безамца хьажа а хьожу, и стаг Далла везна хиларна. ТIаккха Жабраил малико кхечу маликашка олу и стаг Далла везна ву, Цунна везарна шена а везна олий. Юха цаьрга а олу шуна а везийла иза. ТIаккха АллахIа оцу стеган юьхь нуьре йо, и бахьанехь адамашна а везало иза. Суна хетарехь, Лекхачу АллахIана (С.Т.) иштта везна вара вайн Ахьмад-Хьаьжа. Цундела цунах халкъ тийшира, цунна тIаьхьа а хIоьттира.

Ткъа вайна хIун пайда хилира цунах? Вайн ницкъ кхечира тIом сацо, вешан динах ца доха, вешан устазашца, эвлаяашца хилла зIенаш Iалашъян. Вешан Даймахкахь дай хилла дIа а хIиттира вай. Делан къинхетамца, Ахьмад-Хьаьжа вайна юккъехь вацахь а, цуьнан дика лаамаш кхочушбеш схьавогIу цуьнан кIант. Шен гIуллакхашца шена сийлаллин хIоллам хIоттийна Ахьмад-Хьаьжас. Везачу АллахIа тIейогIучу хенахь а, вайн Пайхамарехула (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дайтинчу бусалба динехь хилар лойла вайна, Дала ийманехь совдохийла вай, Дала дахар тодойла вайн. Дала Шен, барх кхачор боцу, къинхетам бойла вайх!

Хасавюьртахь, дакъалоцуш Лебедь а волуш, машаран хьокъехь барт бинчул тIаьхьа президентийн харжамаш дIабахьа сацам а бина, Масхадов Аслан хьалхатеттича, пачхьалкхан идеологи къасто езаш хьал хIоьттира. Ган дезаш дара вахабизмо шеца дохьуш долу зулам. Иза халкъе дIакхайкхо дезаш а дара. ТIаккха, Соьлжа-ГIаларчу БухIан-Юьртахь (Черноречьехь) долчу Культурин цIийнехь Ахьмад-Хьаьжин куьйгаллица съезд дIаяьхьира. Дагестанера 72 стаг веара цига, царах 50 стаг воккха Iалим вара. Делегацина коьртехь вара Дагестанан муфти Абубакаров Сайд-Мохьмад. ГIалгIайчоьнан делегаци юккъехь 14–15 стаг вара. Съездехь дакъалецира Нохчийчоьнан берриге а бохург санна Iалимаша. Оха дийцира, нагахь санна пачхьалкхан тIегIанехь вайга вахабизмана дуьхьало ца ялахь, оцу боламо вайн юкъаралла, халкъаш доькъург хиларх, зулам, бала, сингаттам бохьург хиларх лаьцна. Тхо халкъе, бахархошка дIакхайкхо лууш дара ламасталлин исламах дIахьовзахь вай харц новкъа девр ду, аьлла. Оха иза дIа а кхайкхийра. Цу хенахь Басаев республикин Правительствон Председатель вара. Цо Масхадовга дехар дира Нохчийчохь къепе хIотто шена 3 баттана бакъо лахьара аьлла. Цунна ах шо хан елира.

Тхо съезд дIайоло кечлуш дара. Делегаташ схьагулбеллера. Оцу минотехь Ахьмад-Хьаьжас со шена тIеккхайкхира. Цо элира Басаев Шемал тхан дIадолорна дуьхьал ву аьлла. Тхо вахабизмана некъ бехка лууш дара. Басаевс ша иза дойтур дац элира. Цхьа а жамI а доцуш, эрна багаеттар хир ду цунах, цундела съездера дIавахар гIолехь ду, элира Ахьмад-Хьажас. Ас дIа ма гIахьара хьо, хIара адамаш Басаевс кхайкхина даьхкина дац, Ахьмад-Хьаьжин дехарца даьхкина ду, элира. Баккъал а, ерриге а Къилбаседа Кавказера Iеламнах баьхкинера Нохчийчу цуьнан дехарца. Нагахь санна тхайчух гIуллакх ца хилахь а, тхо хIун лууш ду мукъа а дIахаийта деза оха, аьлла хеташ вара со. Со воккха хиларна, ас бохучуьнга ла а доьгIна, со бакъ хиларх кхетта дIа ца воьдуш, съездехь сецира иза.

Съездехь дукха къамелаш дира вахабизмах долучу зуламах, зенах лаьцна. ХIокху съездехь къамел дина дIавахначул тIаьхьа, маьждига чу воьдуш эккхийтира Дагестанан муфти. Вахабиташа вайн дуккха а Iеламнах байьира. Ицца хилира ГIалгIайчохь а. КIелонаш еш байа болийра яртийн маьждигийн имамаш, Iалимаш. Вахабиташ халкъа юккъера дIадаха гIертара хьекъал, кхетам, хьикмат долу адамаш.

Оцу дийнахь, оха тIеэца лерина болу сацам тIе ца эцийтира тхоьга. ХIетте а Ахьмад-Хьаьжин таро хилира вахабизман хьокъехь йолу вайн ойла Къилбаседа Кавказерчу халкъашна дIайовзийта. Адамаш цунах кхета а кхийтира. Тахана царах (вахабитех) маьрша йолчу юкъараллехь дехаш ду вай. Дала и маршо ларьян, исламан цIеначу новкъа дIадаха пурба лойла вайна!

# Бакъдерг къобал динчу некъахь

**ДЕЛИМХАНОВ Адам,**
**Россин Федерацин Пачхьалкхан Думин депутат.**
**(Кадыров Ахьмад-Хьаьжа – Нохчийн халкъан сийлахь кIант» книги тIера**



*Нохчийн Республикин хьалхарчу Президента, Россин турпалхочо Кадыров Ахьмад-Хьаьжас къобалдеш дацара динан кхайкхамаш а беш, бохамаш бар, зулам даржор, нах кхерамехь латтор. «Террористаша, шайн боьха iалашонаш кхочушйо динна тiехьа а лечкъаш». Амма дино бусалбанаш адамашна, халкъашна юкъахь машар баре, маьрша дахаре кхойкху.*

Шуьйрачу хаамийн дукхах болчу гIирсаша бусалбанаш бехкебо экстремизмана а, терроризмана а. Иза дуьйцучарна ца хаьа терроризм бахьанехь уггаре а чIогIа бала хьоьгуш берш, къизалла ловш берш бусалбанаш хилар. Уьш бахьанехь Iазап хьоьгуш бу дукхах йолчу Iаьрбийн пачхьалкхашкара маьрша бусалбанаш. Россехь уггаре а хьалха дуьненаюкъарчу терроризман бала лайнарш Дагестанера а, Нохчийчуьра а бусалбанаш бу», – олура Кадыров Ахьмад-Хьаьжас.

Ша цIенна бусалба а, суфи а хиларна, иза Къуръано а, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннато а бохучунна тIера дIасатаьIаш вацара. Шен къамелашкахь цо билгалдоккхура, АллахIана хьалха массо а цхьабосса хилар. Исламехь дац халкъаш дикачаьргий вончаьргий декъар. Иштта, Ахьмад-Хьаьжа дуьхьал вара бусалба дин нуьцкъаха тIеэцийтарна. ХIунда аьлча, иза бусалба динца догIуш дац. Цул сов, иза хIора а стеган шен гIуллакх ду. Делахь а, Делах тешар я цатешар хIора стеган шен гIуллакх делахь а, къемата дийнахь цуьнан Далла хьалха жоп дала дезар ду ша бинчу харжаман. Бусалба динна петоьхначо жоьжахатин Iазап лан дезарг хилар цхьа а шеко йоцуш ду. Цунах кхето деза адамаш, хьехамаш а беш. Ийман диллина воцчунна таIзар дар, цуьнга жоп дехар Веза а, Сийлахь а волчу АллахIан гIуллакх ду. Адамийн гIуллакх дац цу юккъе гIерта.

Ша бакъволу суфи а, Iеламстаг а хиларна, Кадыров Ахьмад-Хьаьжас мехала лорура даггара Iибадат дар, мел деш дерг, мел лелош дерг АллахIан дуьхьа хилийтар. Шен къамелашкахь цо олура: «Галстук йихкина лелаш верг цамагийнарг деш ву олу аш. Бакъ дац иза. Дала Къуръана чохь Ша шун духаршка хьоьжуш вац, шун гIуллакхашка хьоьжуш ву ма боху. Ас а ма Iамийна Къуръан а, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш а. «Шаьш тардала гIерттачу халкъах ду шу» – бохуш хьадис ду. Амма Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) кхузахь дуьйцург духар дац, ткъа гIуллакхаш, гIиллакхаш, амалш ю.

Iаьндех а волуш, Мохьмад-Хьаьбиб цIе йолуш цхьа Iеламстаг ву суна вевзаш. Цкъа Дагестанехь цхьаьнакхеттера тхо. Иза шляпа тиллина вара. Вай уггаре а тоьлла бусалбанаш ду боху хан яра иза. Мохьмад-Хьаьбибан цIийнах волчу цхьаьнга цуьнца доьзна бехк баьккхира ас. Мохьмад-Хьабиба шляпа дIа а яьккхина, хьарча а йина, иза суна а гойтуш элира: «ХIара кIадин кийсак бен ма яц. ХIокхо бIаьргашна дика IиндагI до, цундела лелайо ас хIара». Юха а боху ас: кIорггера Iилма долчу стеган дешнаш дара уьш.

Дера, суна хаза ма хета нохчийн божарша вайн ворххIе а дас лелийна холхазан лекха куй лелош. Амма шляпа тилларх цо латош цхьа а къа дац». Шен цхьана статьяхь Кадыров Ахьмад-Хьаьжас яздина: «Маж яхйина лела цхьаберш. Цара, маж яхйичхьана шаьш цIена бусалбанаш лору. Мажош-м керстанаша а лелийна, хIинца а лелайо. Дела вац бохуш леллачу К.Маркса а, Ф.Энгельса а, В.Ленина а лелийна маж. Маж лелорах хуьлуш вац бусалба, АллахI цхьаъ веш, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) къобал веш верг ву бусалба».

Iаламан устаз хилла волчу Кишин Кунта-Хьаьжас чIагIдина: «Стаг ийманехь а, оьзда а хиларан билгало ю шен къамелехь бакъдерг бен цадийцар. ТIарикъатан некъа тIехь волчу бусалбанан, мурдан даг чохь бакъдолчун, нийсонан, къинхетаман серло хила еза».

Ахьмад-Хьаьжина чIогIа мехала хетара бакъдерг дийцар, бакъонна тIегIертар, бакъо ларъяр. Ша кхалхале масех де хьалха нохчашка кхайкхам беш цо элира: «Цкъа мукъана а бакъдерг дийца Iама вай. Бакъдерг дуьйцуш ца хилча цхьа шай мах бац вай деш долчу ламазийн, кхобуш долчу марханийн. Везачу АллахIа Шен Сийлахьчу Къуръанехь собаре хиларе а, бакъдерг дийцаре а кхойкхуш ма ду вай.

Суфина уггаре а кхераме зер ду адамашна тIехь куьйгалла дар, Iедалехь хилар. Воккха Iеламстаг хилла волчу Абу Хьамид аль-ГIазалис яздина: «Iедал иза совгIат ду. Цунах нийса а, буьззинчу барамехь а пайдаэца хиънарг ирсе хир ву, доза доцуш хир ду и ирс. Ткъа  и дан ницкъ ца кхаьчнарг бала хьоьгуш хир ву, Делах ца тешарал боккха бала, дакъазалла хир ю иза». Ша яздинарг тIечIагIдеш ГIазалис Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дешнаш далийна: «Паччахьо цхьана дийнахь лелийна нийсо кхузткъе итт  шарахь йинчу Iамалал дика ю. АллахIана уггаре а дукхавезаш а, уггаре а гергара а стаг ву нийсо лелош волу паччахь. Далла уггаре а чIогIа цавезаш а, цунна уггаре а гена а ву харцо лелош волу паччахь. Мухьаммадан са Карахь Долчух дуй буу  ас нийсо лелош волчу паччахьана цуьнан куьйга кIелахь болчара мел дина диканаш дIаяздеш хилархь. Цо мел еш йолу Iамал кхузткъе итт Iамале кхочуш  ю… ХIай,  паччахьаш, шайн куьйга кIелахь болчаьрца а, ялхошца а хIара кхо хIума дагахь а латтош юкъаметтиг лелаелаш. Нагахь санна цара шайга къинхетам бар дехахь, къинхетаме хилалаш. Нагахь санна  шайна юкъахь дерг къастадар дехахь, нийсо еш хилалаш. Шаьш аьлларг деш хилалаш. Иза иштта деш воцчунна АллахIан а, маликийн а оьгIазло хир ю. Къобал хир яц церан фарз а, я суннат а Iамалш… Бусалбанашна тIехь паччахьалла долуш волчо оцу бусалбанийн шен доьзалан санна гIайгIабеш бацахь цо шена жоьжахатара меттиг дIалаьцна…»

Кадыров Ахьмад-Хьаьжина Iедал адамашна тIехь куьйгалла даран гIирс а, я шен Iалашонашка кхачаран некъ а бацара, ткъа шен дахар адамашна гIуллакхдарна дIадалар дара. Иза кхеттане а ца кхетара хIуъа дина а Iедале кхача гIертачу нохчийн цхьаболчу политикех. Ахьмад-Хьаьжас яздора: «Со хьалха а ца кхетара, я хIинца а ца кхета и адамаш Iедале кхача гIертархь, мичара ду и сийлалле сатийсар, кхечарна тIехь куьйгалла дан лаар, кхечарал лакхара хила гIертар. Шайн Iалашоне кхачархьама хIуъа а дан кийча бу уьш. Бакъду, соьга бен цхьаьнгга а республикехь къепе ялур яц баьхначу стага и алар дIора кхеташ ца хила а мега.

Ас иза хIунда аьллера? Цкъа-делахь, суна дика евзара Нохчийчуьра Iедал дIахеца, карара далийта ца луучеран амалш а, таронаш а. ШолгIа-делахь, со дика вевзара могIаречу бахархошна, царна юкъахь сан сий-ларам бара. Со халкъа юкъахь Iаш вара, цаьрца доькъуш вара дика а, вон а…

ХIинца со кхета, дикалла, тешам, оьздангалла, къинхетам, нахах дог лазар санна йолу адамаллин амалша политикин гIуллакххочунна башха гIодеш  а  хилла цахиларх. Суна хIинца а ца Iемина мекарлонаш лело, политикин комбинацеш, питанаш лело, аппаратни ловзарш лело. Лууш хилча-м Iемарг хир дара иза. Суна иза ца оьшу. Соьца догIуш хIуманаш дац уьш… Со кхетарехь Iедал иза шен дахар тодаран некъ бац, ткъа могIаречу бахархойн дахар тодаран гIирс бу».

Кадыров Ахьмад-Хьаьжа тешна вара бусалбанийн  Сийлахьчу Каламехь – Къуръанехь бен цIенна бакъдерг карон йиш цахиларх, адамаша сагатдеш долчу дерриге а хаттаршна жоьпаш Къуръанехь каро йиш хиларх. Цунна хетарехь, дуьне а, халкъаш а Къуръано ма-бохху Iаш-дехаш хилча тIемаш, девнаш хир дацара…

Амма, экстремисташа, Къуръанна тIехьа а лечкъаш, исламана дуьхьал зуламаш до. Ахьмад-Хьаьжа Къуръано мехьоьхху вехаш вара, цунна иза оьздангаллин коьрта закон дара.

Нохчийн Республикин хьалхара Президент чIогIа дуьхьал вара шайн политикин Iалашонаш кхочушъярхьама динах пайдаэцарна. Вахабизм яржорна уггаре а хьалха дуьхьал ваьлларг иза вара. Вахабиташ, динан  кхайкхамех байракх а йина, республикера Iедал шайн каралаца гIоьртира. Ахьмад-Хьаьжа кхийтира церан мекарлонех а, нохчийн халкъ хIаллакьхиларна цуьнгахьара  болчу кхерамах а.

Селхана кхуьнца цхьаьна нохчийн пачхьалкхан суверенитетехьа хиллачарна хьехо а ца лаьара иза. «Нохчийн маршо», «нохчийн дозуш цахилар», «нохчийн идей» бохург дIатесира цара. Церан метта юкъабехира «исламан къепе», «исламан дахаран кеп», «исламан мехаллаш» боху кхетамаш. Нохчийн къоман цIарах дерг юкъара дIадоккхуш дара, Iаьрбашкахьа дерзош дара… Бакъонан некъаца Нохчийчохь Iедале кхочийла ца хилча, А.Масхадов кIеда хиларх пайда а оьцуш, уьш шайн Iалашоне кхача гIоьртира террористически акташ ярца, политикин питанаш лелорца. Цуьнца цхьаьна цара бусалба духарш юкъадехира божаршна а, зударшна а, божаберашна а, зудаберашна а. Школашкахь кIентий а, йоIарий а дIасакъастийра. Прессин бетах «дуьрста» йоьллира. Цу тайппана, чекхдолучу ХХ-чу бIешеран тIаьххьарчу итт шарахь нохчий юккъерчу бIешерашка юхаберзийра. Дохийна дIадахийтира дешаран гIуллакх… Дешна, Iилма долу нах юкъараллех дIахербеш бара. Массо агIор марзъеш яра Iаьрбийн дахаран кеп… ОвгIанера талибаш исламан пачхьалкхан масал санна буьйцуш бара. Нохчийн цхьа а хIума къобалдеш дацара. ХIуъа а мегаш дара, нохчийн къоман ца хилчахьана. Вайн юкъараллехь жехIалалла дара даржош. ХIунда аьлча, жехIалчу нахана урхалла дан атта ду…», – элира Кадыров Ахьмад-Хьаьжас 2004-чу шеран 1-чу майхь Гуьмсехь ша къамел деш.

Терроризм а, экстремизм а бусалба динца доьзна хIумма а долуш яц олура цо. Гучуйохура вахабитийн идеологийн шалхонаш, ямартлонаш, харцонаш. Бусалба динна тIехьа а лечкъаш, бусалба дино магош доцу зуламаш  дора цара. Ахьмад-Хьаьжас чIагIдора: «Террорист бусалба хуьлийла а дац, бусалба стаг террорист хуьлийла а дац».

1997-чу шарахь БухIан-Юьртахь Кадыров Ахьмад-Хьаьжин дIадолорца дIабаьхьира Къилбаседа Кавказерчу Iеламнехан гулам. Цигахь дIахьедира вахабизм Къилбаседа Кавказерчу бусалбанашна зуламе идеологи хилар, ламасталлин бусалба динца а, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннатца а догIуш вахабизман цхьа а хIума цахилар.

Шен цхьана интервьюхь Ахьмад-Хьаьжас элира: «ТIом бац доьзалш бохийнарш, доьзалш бекънарш, вахабизман идеологи ю, арахьара кху чу еана йолу… Нохчийчохь адамашна дуьхьал пайдаэцийта ца беза цхьана а динах. Шайна луъу дин лелор доьхкуш вац со. Керста хила лууш вуй – хилахь. Амма динна тIехьа а лечкъаш зуламаш дар, адамаш дайъар, гIайгIанаш латтор оха могуьйтур дац… Террористаш бусалба динна тIехьа лечкъаш бу. Цундела

Нохчийчохь вахабизм а, терроризм а хир яц!.. Со дийна мел ву!»

Кадыров Ахьмад-Хьаьжа тешна вара халкъ Iалашдаларан, когахIотторан, чIагIдаларан бух цуьнан оьзда гIиллакхаш, дайн Iадаташ, ийман хиларх. И мехаллаш дIаевлича хIаллакьхуьлуш ду халкъ. Ткъа вахабизмо емалъеш ю и мехаллаш. Ахьмад-Хьаьжа цу хенахь а кхеташ вара вахабизм Россин пачхьалкхана кхераме хиларх. Цуьнан зуламах вайн пачхьалкх ларьян а гIиртира иза шен ницкъ ма-кхоччу. Вайн махкахь дуьххьара вахабиташна а, террористашна а дуьхьал гIаьттинарг Ахьмад-Хьаьжа вара. Царна дуьхьал тIом дIабахьарца цхьаьна вахабиташа, террористаша Iехийнарш, тилийнарш маьршачу, нийсачу, цIеначу некъа тIе баха гIерташ дукха къахьоьгура А-Хь. Кадыровс ша Iеламстаг хиларе терра.

Халкъана юкъахь барт, марзо хилчий бен Нохчийчохь машар а, синтем а хирг цахиларна, нохчийн халкъ цхьаьнатоха, тIегулдан, цуьнан барт бан аравелира иза. Ахьмад-Хьаьжа вара законехь йоцчу тIеман тобанийн декъашхошна амнисти кхайкхор юкъадаккхинарг. Цуьнан Iалашо яра зуламаш дина боцу кегийрхой маьршачу дахаре юхаберзор. Вахабиташа а, политикаша а Iехийна болу эзарнаш кегийрхой, хьаннашкара ара а бевлла, цунна юххе дIахIиттира. Уьш тешна бара цунах, тешна бара цо шаьш нийсачу некъа тIе даьхна хиларх, цуьнан стогаллах, иймана. Ша и гIулч йоккхачу хенахь Ахьмад-Хьаьжа кхеташ вара Нохчийчохь а, ткъа иштта Россехь а ша деш дерг къобалдийриг цахиларх. Оцу кхерамечу муьрехь цо ойла ца йора адамаша ша деш дерг къобалдийр ду-те я дац-те бохучун, цо ойла йора Далла хьалха долчу шен жоьпаллин.

Далла хьалха долу шен жоьпалла цкъа а дицдеш вацара иза. Муьлхха а гIуллакх деш, къамел деш уггаре а хьалха и дагахь хуьлура цунна. Цуьнца билгалдолура халкъана, пачхьалкхана, ша-шена хьалха долу цуьнан доккха жоьпалла.

Кадыров Ахьмад-Хьаьжа бакъонца цIена суфи, цIена бусалба вара. Цуьнан дахар доккха масал дара АллахIана Iибадат дарехь, гIуллакх дарехь.



# Магомед Даудов: «Ахмат–Хаджи Кадыров был лидером на все времена»



*В августе мы чествуем Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова. Ему исполнилось бы 67 лет. Изучению богатого наследия национального лидера чеченского народа посвящено множество книг, статей, передач, фильмов, научных трудов. И, тем не менее, если взглянуть с высоты того места, которое этот человек занимает в истории нашего этноса, той колоссальной роли, спасительной миссии, которую он выполнил, уверен, нам еще только предстоит раскрытие уникальной личности, которой однозначно был Ахмат-Хаджи Кадыров.*

В числе членов команды, сформированной первым Президентом Чеченской Республики, есть те, которые всегда смогут вспомнить и рассказать что-то новое об Ахмат-Хаджи Кадырове, доселе неизвестное общественности. К их числу, несомненно, принадлежит ближайший соратник Главы Чеченской Республики, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова — Герой России Магомед Хожахмедович Даудов, с которым мы побеседовали накануне 66-й годовщины со дня рождения первого Президента Чеченской Республики.

**— Магомед Хожахмедович, как Вы себе представляете развитие ситуации в регионе в случае, если бы Ахмат-Хаджи Кадыров не возглавил республику в 2000 году?**

— Если честно, не представляю никак и не хочу представлять. Такое действительно трудно вообразить. Отмечая роль Ахмат-Хаджи Кадырова (Дала гIазот къобалдойла цуьнан) в преломлении ситуации в Чеченской Республике, мы всегда, в первую очередь, говорим о роли личности. Президентом может стать каждый, но лидером – далеко не всегда. А лидерство в такую тяжелую эпоху, полную противоречий и перемен, – это стоит многого. Только цельная личность, храбрый сердцем, в чем-то отчаянный, ставящий интересы Отчизны и своего народа превыше всего – только такому человеку под силу остановить железную машину войны и изменить ход событий. По воле Всевышнего, таким человеком в новейшей истории Чеченской Республики стал именно Ахмат-Хаджи Кадыров. Что было бы, не появись он в этот момент на политическом небосклоне республики? Сложно сказать. Гражданская война, длящаяся десятилетиями, полное вырождение нации, ликвидация региона как такового – как физически, так и юридически.

**— На самом деле, мы и не были далеки от такого развития событий…**

— Конечно. Мы хорошо помним, что были реальные предложения и предпринимались попытки разделить республику на северную и южную части, перенести столицу региона в другое место и т.д. Может, это и звучало тогда как-то адекватно в московских или иных так называемых экспертных кругах, но в принципе мы должны понимать, что эти разговоры и попытки были ничем иным как предтечей к серьезным изменениям, которые могли повлечь за собой непоправимые последствия.

**— Когда в национальном сознании пришло понимание, что Ахмат-Хаджи Кадыров – именно тот человек, которому суждено спасти свой народ?**

— Вначале было много тех, кто скептически относился к тому, что бывший муфтий сможет привести республику к миру. И тут играла роль не личность Ахмат-Хаджи Кадырова – на самом деле, его репутация и тогда была безупречной, ведь борьбу с ваххабизмом Ахмат-Хаджи начал еще до начала второй военной кампании, предвидя, к чему может привести их засилье в республике. Люди в тот период были настолько истощены и измучены войной, что не видно было ни конца, ни края этому хаосу. Людям элементарно не верилось в то, что этот карательный механизм возможно остановить.

**– Но Ахмат-Хаджи Кадыров доказал обратное…**

– Да. С самого начала Ахмат-Хаджи Кадыров обозначил перед собой твердую цель и мужественно шел к ней. И в этой миссии, которую благословил сам Всевышний, его уже не могло остановить ничто и никто – ни страх перед смертью (который был ему неведом), ни наши враги, пытавшиеся из-за своих меркантильных интересов во что бы то ни стало сохранить «военный» статус республики. Я могу с абсолютной уверенностью сказать, что с приходом к руководству республикой Ахмат-Хаджи Кадырова мирный процесс в регионе приобрел необратимый характер. Он открыл для своего народа двери в новую жизнь.

**– Магомед Хожахмедович, Вы в своих выступлениях и публикациях часто говорите о том, что успех Чеченской Республики – это командный результат. Скажите, какие факторы благоприятствовали Ахмат-Хаджи Кадырову в его действиях?**

– Несомненно, это так. Успеху нашего национального лидера, в первую очередь, конечно, способствовало народное доверие, которое было основано на делах и поступках Ахмат-Хаджи, его поведении, на анализе его действий, связанных и с российскими военнослужащими, и с федеральным центром, но главным образом – в его обращении с самим народом, к которому, можно без преувеличения сказать, он питал самую искреннюю, преданную любовь. И, как следствие, он заслуженно получил полную и абсолютную поддержку со стороны народа, защитником которого он выступал. Должен особо подчеркнуть, что завоевание доверия народа, как я уже говорил, не было спонтанным и сиюминутным явлением, произошедшим по мановению волшебной палочки. Это был результат кропотливого, зачастую, рискованного и каждодневного труда Ахмат-Хаджи Кадырова, который консолидировал разрозненную нацию, объединил тейпы и вирды, и по воле Всевышнего вселил в сердца людей веру в завтрашний день.

Другим важным фактором, конечно, была поддержка национального лидера страны, Президента Российской Федерации Владимира Владимировича Путина. Очень отрадно, что Глава государства разглядел в Ахмат-Хаджи Кадырове именно того человека, лидера, который приведет свой народ к миру. Мы помним, как Владимир Путин говорил, что на какую тему бы они с Ахмат-Хаджи Кадыровым не общались, все сводилось к одному – к интересам чеченского народа. Думаю, именно таким и должен быть настоящий лидер.

**– Да, и в этом контексте напрашивается мысль о том, что Ахмат-Хаджи Кадыров не был лидером на какой-то определенный период…**

– Совершенно верно. Как раз к этому я хочу прийти. Ахмат-Хаджи Кадыров прекрасно понимал, насколько был рискован и небезопасен выбранный им путь. И его абсолютно не волновало, что в любой момент может оборваться его жизненный путь – в том смысле, что о себе он не думал. Ахмат-Хаджи Кадырова занимала судьба всего чеченского народа, он постоянно размышлял о том, как сделать так, чтобы дело, начатое им, не остановилось – даже если его не станет. Мы хорошо помним его слова об этом… Поэтому он оставил после себя своего сына, ученика, помощника – человека, близкого ему по духу, мировоззрению, взглядах на происходящее, но самое важное – так же сильно болеющего за свой народ, как и он сам. Ахмат-Хаджи Кадыров не ошибся в своем выборе. Сегодня, по прошествии стольких лет, живя в мирной и благополучной республике, на земле, на которой побежден терроризм, мы хорошо осознаем это.

После трагической гибели отца Рамзан Ахматович Кадыров не опустил голову. Он нашел в себе мужество и силы продолжить созидательную миссию Ахмат-Хаджи Кадырова – в память о нем, во имя своего народа… Поэтому мы и говорим, что Ахмат-Хаджи Кадыров был лидером не сиюминутным, а на все времена. По воле Всевышнего, мы и сегодня, и долгое время в последующие годы будем пользоваться тем баракатом, который оставил после себя Ахмат-Хаджи Кадыров. Им будут пользоваться многие поколения. Говоря о баракате Ахмат-Хаджи Кадырова, я, прежде всего, подразумеваю нашего национального лидера, Главу Чеченской Республики, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова, созидательный путь, который обозначил для нас первый Президент Чеченской Республики (приведший нас к сегодняшнему благополучному дню), и, в целом, его бесценное духовно-нравственное наследие.



# «Хьомсар Нохчийчоь!»

*Вайн халкъана а, ткъа уггаре а дуьненна а Іеламстаг, политик, халкъан баьчча санна вевзина Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Цхьа наггахь волчуннийн бен ца хаьа иза шен яккхий кхоллараллин таронаш йолуш, къеггина поэтически сурт хІоттто говзалла, похІма долуш хиллий. Шен и говзалла кхин йовзийта а ца гІиртина иза, ша цхьаъ висича, шен ойланаш кехатах тешор, шен дагна хьаам цуьнгахь лехар доцург. Амма цхьа а шеко йоцуш, кхин хІумма а ца хилча а шен хатІ, хьежам болуш говза поэт хила аьтто болуш а хилла Ахьмад-Хьаьжа. Цунна бІаьрла масал ду аьлла хета лахахь зорбатухуш йолу цуьнан башха байташ.*

## КІанте Рамзане

Дика кІант – ден накъост,
Хезна ву олуш.
Цо дохьу хаза кост,
Гу-лекха волуш.

Хьо ду сан дозалла,
Кхане ю хьоьца,
Сан хьаштийн йозалла
Хьайна тІе оьцу...
КІад ца луш, мал ца луш
СхьавогІу шера.
Хабарчех ца тарлуш,
МостагІа – дера.

Варийлахь, вахалахь
Халкъана вецаш,
Бакъдерг дІабахалахь
Мискачех вешаш.

## Шеконаш дІайовлу

ГІелвелла, кІадвелла,
КІордийна къийса...
Гуш йоцчу нийсоне
Эрна сатийса.
Шалхонаш лелайо
Цакхетарш бу,
Юьхь-дуьхьал велало,
Букъ тІехьа – къу...
Тешаме накъостийн
БІо-арахь оьгу.
Сан кІанта, дог хьостий
Дош олу соьга:
«Ваши, шек ма вала,
Вай цхьаьна ду.
Дан дезарг схьаала –
Со кийча ву!..»
Шеконаш дІайовлу,
Доккха садоккху.
Ойланаш сайн къовлу,
Майра ког боккху...

*2003 ш. август*

## Даймохк – сан деган илли

Даймохк – сан деган илли!
Хьол мерза стом, хьовха, хиллий?
Дерриге чулоцу ахь:
Доьналла, аьхналла, яхь...

Хьох вала ца карий бахьна,
Хьоьца со, ха тоьхна, ваьхна,
Сан даг чохь догу хьан нур,
Ахь хазби дахаран мур.

Ницкъ бели халонаш эшо,
Сайн некъан миска нах тешо,
Кхиаван хьакъволу кІант,
Деса ца дисийта гІант...

Сан Даймохк – сан деган илли!
Хьол мерза стом, хьовха, хиллий?
Дерриге чулоцу ахь:
Доьналла, аьхналла, яхь...

## Сан некъ

Дарж дезаш цкъа а ца хилла,
Хьанал а, хьарам а хиъна,
Цхьанна а ца дина хІилла,
Нахана диканиг лиъна.

Даймахка боьссина бала,
Архаш ас сайн каралаьцна.
Дийзира сан хьалха вала,
Іалашо машар а лаьцна.

Евзира цу новкъахь харцо.
МостагІийн къизалла гира.
Заманан йилбазан дарцо
Дилха-дог ша санна дира...

Делахь а, суна ницкъ лора

Вайн Дуьне кхоьллинчу Дала.
Нийсонан некъаш ас дора,
Воніг ца дуьтура ала,

ТІаьххьар а туьйлира бакъдерг,
Шен харжам халкъо а бира.
Махкана доладан хьакъверг
Барт болуш къобал а вира...

Маьршачу дахаран мурдаш
ХІиттийна ас сайна тІаьхьа –
Тоьур ду вай дина къурдаш,
Вай лайна буьйсанаш къаьхьа!

Іийр ду вай, кхин халкъаш санна,
Цхьа барт а, цхьа ойла йолуш.
Къахьоьгуш массо а ханна,
Вовшашца лараме долуш...

*2004 ш. апрель*

## Халкъе дош

Вон-дика ас махкахь лайра,
Мискачу нахаца тайра.
Далуш дерг дерриг а дира,
Беллехь а сайн корта сира.

Цундела таро ю ала:
Вай цхьаьна хьийгира бала.
Декъалой, дІаса ма даржа
Дахарехь нийса некъ харжа.

Го чІагІбеш, улло дІахІитта,
Бакъ-харцо цацанах литта.
Шайн некъаш хилийта нийса,
Кханене онда гІулч тийса...

Теша со: денлур ю гІала...
Дуьтур дац вай тесна Дала.
Кхочур ду маслаІат лома,
Хьоьжур дац вовшашка гома.

Доккха садоккхур ду наха.
Ховшур бу уьш маьрша баха.
ЦІена ю даг чуьра ойла –
Даймахкахь вай гІоза Іойла!

*ЦІоьнтара, 2003 ш. октябрь*

## 5–гІа октябрь

Дела тІе хьаьжна деа де.
Нохчий! Декхар кхочушде.
Харжа шайна пайда берг,
Ийман, беркат шеца дерг.
Самадовла! – кхойкху мохк,
Лоххуш даг тІе дижна дохк,
Стиглахь сирла кхийти малх,
Тоьур бІаьрхиш, тоьур чалх!

*2003 ш.*

## Хьомсара Нохчийчоь!

Хьомсара Нохчийчоь!
Дай баьхна тхан латта!
Мокхаза берд санна, эзарха хьо латта!
Халонаш, баланаш хьуна тІехІиттина,
Амма хьо къар ца луш, къийсаме гІиттина.

Бохь лекха ламанаш стигланах хьекхало.
Арешка бІаьрг тоьхча, доьхна де декхало.
Хьоьца ю тхан марзо, хьоьца ду дозалла.
Замано кхачор яц хьан оьзда йозалла.

ГІиллакхца, гІуллакхца бІаьрг
хьостуш хазъелла,
Аганахь дуьйна схьа хьо тхуна марзъелла.
Декъала хуьлийла, хьан кхерча догІийла!
Іуьйренаш, суьйренаш хьан
маьрша йогІийла!

Хьан дуьхьа деха тхо, даларх
а ца кхоьруш,
Хьан дуьхьа къахьоьгу, хан-зама
ца лоьруш,

Тхан ницкъаш, тхан хьуьнарш
хьуна ду лерина.
Довхачу хьан даго тхан дахар кхелина.

Хастам бо оха хьан, турпала ДегІаста!
Цкъа а ма дезийла хьох довла,
хьох къаста...
Тхо хьуна муьтІахь ду, дуьнен чохь
мел деха!
Хьомсара Нохчийчоь! ХІун хир
ду хьан меха!?

## Волурий со дуьхьал ца ваьлча

Халкъ Іина йисте
ХІоьттича,
Іедал
Іеса даьлча,
Нехан кортош чу
Харц Іилманан
Соьла доьттича,
Волурий со
Дуьхьал ца ваьлча?!
Бакъдерг ца аьлча?!

Ойла боьха
Йолчара
Мохк ловзо баькхкича
Хьарам, ямарт
Цхьаьна баьрче
Даьлча,
Волурий со
Дуьхьал ца ваьлча?!
Бакъдерг ца аьлча?!

Дела багахь бен
Воцуш,
Харцонаш лелош
Адаман аматехь
Иблис
Нахана бале
Даьлча,
Волурий со
Дуьхьал ца ваьлча?!
Бакъдерг ца аьлча?!

Махках сийна цІе
Яьлча,
И цІе латийначарна
Дуьхьал ца ваьлча,
Бакъдерг ца аьлча
Волурий со?!

## Сан дозалла

Ас даима дозалла дина
Суо нохчи хиларх.
Халонаш, харцонаш гина,
Ларвелла тиларх.

Кхиэл йинехь – йина и нийса,
Бакъдерг а аьлла.
Со зуламца хІоьттина къийса,
Юьхь-дуьхьал ваьлла...

Холхазан куй коьрта тилларх
Хуьлуш вац къонах.
Лечкъина, ИиндагІехь Іилларх
Вер вац хьо вонах.
Яздинарг хир ду хьуна
Дала – Валар я кІело.
Цунах хьан амал дац вала:
Къонах я кІилло...

## Ца дала гІерташ

Вай Іемина дац даха.
Ца дала гІерташ,
Дахарх тийсаделла.

Олу вайна цхьаболчу наха:
Кхечаьрца ца тарло нохчий...
Ца хаьа, ца хаьа царна
Эзарнаш-эзарнаш шерашкахь,
Кхоьруш вайш тІепаза дарна
Вай даима къийсаделла:
Іожаллица, Олаллица, Долаллица.

КІел ца диса гІерташ,
Ларъеш вайн керташ,
ЛаппагІнаш-цІенош...
Иштта дІаихна денош,
ДІаихна буьйсанаш
Буьрсанаш.

ХІинца со и дохо воллу,
Кийрахь дог схьаэккха доллу,
Тоьур ду вай дина девнаш.
Тоьур ю луьранаш чевнаш, баларш,

ТІепаза байнарш –
«Церанаш», «вайнаш»...
Кхидолу адамаш санна,
Дехар ду тІейолчу ханна!

## Деза дукъ

*(А.Кефтаруна, Шемарчу Іеламстагана)*

Ойлане воьжна,
Ахь соьга хаьттира:
Хаьий техьа хьуна,
Мел деза ду
Ахь хьайна тІелаьцна дукъ?
Сан кийрахь сийна
ЦІе гІаьттира:
Ас лаьцнарг бацара
Шаьлтанан мукъ.

Сан буйнахь даьллинарг
Шаьлтанан дитт дара,
Куьйгах цІий туьйсуш
Долу.

Сан мостагІ луьра,
Буьрса вара,
Къинхетам я имман
Шеца доцуш волу.

ХІетахь ас хьоьга
Ма –дарра элира:
«Ойла йина, хьесап дина,
Бина ас сацам, Іаьржа бІо
Нохчийчохь
Зуламе белира,
Хьийзадеш бехк боцу
Адам».

Царна со орцах а
Велира,
Кхераме дуйла а
Хууш.
Кестта и билгал
А делира:
Со вохо, хІаллакван
Лууш,

Ца лелош хІума
Ца дуьту.
ЦІийн Іовраш шайна
ТІаьхьа юьту.

Амма сан
Нигат ду дина –
Юхавала некъ суна
Бац.
МостагІий бу уьш
Вайн динан.
МаслаІат
Сан цаьрца дац!

## Бакъонан мурд

Ас бос ца хийцина,
Гуш долчо хийцина ойла.
Хьалха кхин дийцина
Лаарна и иштта гойла,
Амма аш йоьхкира
Маршо.

Харцонаш, гІелонаш йира,
Халкъана кечдира марчо,
ТІаккха ас сайн
Нигат дира.
Ас бира шал шийла къурд,
Сайх вира бакъонан мурд

*2001 ш. июль*

## Бераш

Берашца лаьтта сан марзо.
Церан деган чевнаш ерзо,
Вала а вара со кийча.
Уьш маьршачу лаьтта тІехь Іийча,

Ден-ненан вон ца гуш,
БІаьрхиш ца Іийдалуш,
Шайн хаза ловзарш деш,
Екаеш берийн беш.

ТІом дІабаьлла, дов дІадаьлла
Хан-зама ягІахьара,
Маьлхан догІа дагІахьара,
Ма ирсе хир вара. Ма дика хир дара...

## Ши юьхь йолу нах

Ши юьхь ерг
Кхераме лерина.
Цо олуш дерг,
Делахь а кхелина,
Зуламе ду.
Цо туху дІовш,
Лаьхьано санна.
Цуьнан вон ловш
Массо а ханна
СхьабогІу нах,
Дан хІума доцуш.
Цо дечун мах –
Доза доцуш
Харцо, гІело.
Къера дуй буу,
Йо стагна кІело...
Хьарамниг дуу...
КІай-Іаьржа
Ца къастадо...
Хьаькмашна хьалха
Ваьржа.
Мискачунна
«Тур» лестадо...
Ши юьхь йолчу
Наха
Ца дуьту вай
Даха.

## Шайн дуьхьа лелачаьрга

Хаза хабарш дийцарх,
Сан куьйгаш лиэцарх,
Дерриг а ма-дарра го:
Вазвина, лелор ву со,

Шайна сох мел хуьлу пайда,
Аш ларам гІуллакхца гайта,
Сан некъан накъостий хила,
Къаьстар ду: мила ву – мила.

*2003 ш. сентябрь*

## Бакъдерг вай дийцахьара

Бакъдерг вай дийцахьара,
И накъост лацахьара –
Дезар дацара, дезар дацара
ГІийла лела, керча цІийла,

Махках дийла, дакъаздийла,
Дилха-дегнаш буйнахь къийла,
Кегий бераш делхо хийла.

Миска наной, къоьжа къаной
Ховшо шийла...
Бакъдерг вай дийцахьара,
И накъост лацахьара...

## Деган Лаам

Цхьа Iалашо
Яра сан,
Цхьа ойла –
Нах маьрша
Iойла.

Цхьа доIа
Дара сан,
Цхьа ойла –
Дала бакъо
Толайойла!

Цхьа лаам
Бара сан,
Цхьа ойла –
Дений, нанний
Беран вон
Ма гойла.

Цхьа декхар
Дара сан,
Цхьа ойла –
Вайн махкара
Зулам
ДIагIойла!

## ДоIа

Паччахьан дарже со кхаьчча,
Ас собар даьккхира баьрче,
Куралла хадийра сайх,
Ойланаш йира ас байх...

Йиш-ваша дайначийн бала,
Йохийна, цистина гIала –
Ца хоьу сан даг чу уьш,
Лазам бу цкъа а ца туьйш.

И нисдан ницкъ лолахь, Дела!
Хьо цхьаъ ву доллучун эла.
Буйнара тхан даккхий тур,
Кховдаде Iилманан нур!





# Ахьмад-Хьаьжин цIарах «Нохчийчоьнан дог» маьждиг

*Кхин чIогIа хила йиш йоцуш боккха кхаъ бара Нохчийчоьнан бахархошна шайн махкахь цу тайпа доккха, хаза, исбаьхьа маьждиг схьаделлар. 2006-чу шарахь дан долийна а, 2008-чу шеран 17-чу октябрехь схьадиллина а долу иза дуьненан уггаре а доккхачу маьждигех цхьаъ ду – итт эзар сов стаг чу тарваллал. Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан А.-Хь.Кадыровн весет кхочушдеш а, цуьнан цIарах а дина ду республикин уггаре а сийлахь меттиг хилла дIахIоьттина долу «Нохчийчоьнан дог» маьждиг.*





## Соьлжа–ГIалин хазна: «Сийлаллин аллей» музей а, хIолламан комплекс а

Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентана А.-Хь.Кадыровна а, Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь толам баккхарна а лерина йолу мемориалан комплекс а, Ахьмад-Хьажин цIарах исбаьхьа музей а Соьлжа-ГIалин юккъехь, Маяковскийн урамехь ю. 2009-чу шарахь ян йолийна а, 2010-чу шеран 8-чу майхь (Толаман 65 шо кхочуш) схьайиллина а ю комплекс. Цо дIалоцург 5 гектар меттиг ю. Комплексехь коьрта меттиг дIалоцу музей дуьненан архитектурин тоьллачу объекташца шен хазаллица а, исбаьхьаллица а къовсалур йолуш ю.

## Москван Къилба–Малхбузен административни округехь болу цхьа урам

2004-чу шеран 17-чу августехь тиллина оцу урамна Кадыров Ахьмад-Хьажин цIе. Цу тайпа ураман цIе хийцар Москвахь хIетталц хилла дацара, хIунда аьлча гIалин законна дуьхьала дара иза – Москварчу урамашна гIарабевллачу нехан цIерш тахка мегаш дац, и стаг кхелхина итт шо хан яьлча бен. Цу шеран 23-чу августехь официально тIечIагIдира ураман цIе хийцар. Цул тIаьхьа, 2010-чу шеран 19-чу сентябрехь оцу урамехь А.-Хь.Кадыровн сийнна Мемориалан паркан комплекс а схьайиллира.





## «Ахмат–арена» халкъан совгIат

2004-чу шарахь Россин Президентан В.Путинан тIедилларца Соьлжа-ГIалахь А.-Хь.Кадыровн цIарах стадион ярна федеральни бюджетера ахча билгалдаьккхира. Федеральни Iалашонан программица догIуш, 2007-чу шарахь долийна пхеа шарахь дIадаьхьира цуьнан гIишлошъяр. 2011-чу шеран май баттахь схьадиллира «Ахмат-Арена» спорткомплексан коьрта дакъа – 30 эзар меттигна лерина йолу спортан арена. ГIишлошъярехь дакъалаьцна Словакерчу, Хонкарарчу, Чинерчу, Россерчу говзанчаша.

## Генарчу Израилехь а ю нохчийн лар

2011-чу шарахь Израилерчу Иерусалимна уллехь йолчу Абу-Гош гIалин Iедало сацам бира шайн шахьаран цхьана урамна Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIе тилла. И дIадолор Абу-Гошан бахархошкара схьадогIуш дара. ХIунда аьлча, церан дай пхи бIе шо хьалха Нохчийчуьра Израиле хьижрат дина бу. Цундела, шаьш схьадевллачу меттигца хаьдда йолу уьйраш юхавовшахтосуш, цу тайпа гIуллакх дан дагалаьцнера цара. ХIеттахь сацам хилира Абу-Гошехь деш долчу маьждигна а Ахьмад-Хьаьжин цIе тилла. И маьждиг 2014-чу шеран март баттахь, Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана дакъа а лоцуш, схьадиллира.





## Соьлжа–ГӀалин коьрта урам

Нохчийчоьнан пачхьенан юккъехь йолу А.-Хь. Кадыровн цIарах коьрта проспект гIишлошъяран, юхаметтахIотторан белхаш дIабаьхьначул тIаьхьа 2011-чу шеран октябрь баттахь схьайиллира. Цуьнан йохалла 2 километр сов ю – Соьлжа хин йистошкара дуьйна «Минутка» майдане кхаччалц а,кхидIа а. Проспект мел ю дIадоьгIна синтарш а,нахана садаIа охьаховша хIиттийна гIенташ а ду. Кхузаманан лехамашца догIуш, архитектурин тоьллачу коьчалшца кечдина ду некъан йистошкахула долу цIенош,берийн майданаш а ю царна хьалха,цхьаццанхьа кегий чухчареш а ю.

## Хикема «Ахмат Кадыров»

ИцIе тиллина Ростован областехь екъа хIуманаш дIасакхоьхьучу уггаре а дакккхийчу хикеманех цхьанна. 2007-чу шеран августехь ростовхойн дIадолорца елла цунна Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан цIе. Хикеманан йохалла 140 метр ю,6 эзар тонна кира дIасадахьало цу тIехь. Цуьнан каюткомпанехь Кадыров Ахьмад-Хьаьжин сийнна лерина мемориалан «маьIиг» ю. 2007-чу шеран 30-чу августехь «Ахмат Кадыров» хикема дуьххьара новкъа даккхарехь дакъалецира Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана а,кхиболчу официальни наха а.





## СадаIаран беш

**8** гектар латта дIалоцуш йолу Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах йоккха парк схьайиллира 2012-чу шеран 5-чу октябрехь. Тайп-тайпана акхарой долу зоопарк, берашна а, бакхкхийчарна а лерина аттракционаш, якхкхий чухчареш, даздарийн зал, «Дайн кхерч», «Аквариум» ресторанаш, аьхкенан кафеш, самукъадакхкхаран кхузаманан кхин дуккха а объекташ ю паркехь. Карарчу хенахь соьлжагIалахойн хилла ца Iаш, ерриге Нохчийчоьнан а бахархойн самукъадакхкхаран-садаIаран коьрта меттиг хилла дIахIоьттина Къоман культурин парк.

## Ахьмад–Хьаьжин цIарах галерей

**Н**охчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах йолу пачхьалкхан галерей схьайиллина Соьлжа-ГIалахь 2010-чу шеран 22-чу августехь. А.-Хь.Кадыров винчу денна лерина бара цигахь дIабаьхьна дуьххьарлера гайтам. Юкъара барам 525 еакIов метр а йолуш, гайтаман ши чоь ю галерейхь. ХIора баттахь а Къилбаседа Кавказан а, Россин а суртдилларан а, куьйгаговзаллин а говзанчийн белхаш гайтаме боху цигахь.





## № 1 Гимнази

*Соьлжа-ГӀалара N 1 йолу гимнази 2005-чу шарахь Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цӀе тиллина а, 2007-чу шарахь юхаметтахӀоттийна а ю. 1967-чу шарера 1992-чу шаре кхаччалц N 41 йолу юккъера школа хилла иза, цул тӀаьхьа – N 41 йолу гимнази. Юкъарадешаран учреждении гӀишло 860 дешархочунна лерина а, шина сменехь болх беш а ю. 2006-чу шарахь «Дешар» къоман проектан (ПНПО) гурашкахь дӀаяьхьначу «Тоьлла школа» конкурсан толамхо хилла иза.*





## Адамийн иэсехь веха



*«Вайх дӀакъаьсти цӀена, майра, хьанал, похӀме стаг», – элира хӀетахь Россин Президента Путин Владимира Нохчийчоьнна а, дийнна Россина а хиллачу инзаречу бохаман дерриге а дуьне теш хиллачу дийнахь.*

**БАЙСУЛТАНОВ Одес,**
**Россин Правительствон Къилбаседа Кавказан гӀуллакхашкахула волчу министран хьалхара заместитель**

Нохчийн къоман бакъволчу баьччанах Кадыров Ахьмад-Хьаьжех лаьцна дуккха а дийцина, дийца кхин а шортта дан а ду. Иза шех лаьцна хаддаза дийца хьакъ а ву. Шен Даймехкан ирсан, зовкхан дуьхьа, бӀаьрнегӀар ца тухуш, турпалаллица дахар дӀаделира цо. Цундела иза халкъан дегнашкахь веха, хӀунда аьлча, халкъана биц ца ло шен турпалхой.

ТӀаьхьарчу шерашкахь Нохчийчохь лаьттинчу къизаллех халкъ хьалха а даьккхина, мохк денбан волавелларг Ахьмад-Хьаьжа вара. Иза вара терроризмана, экстремизмана тӀехь толам баьккхинарг, терроризман олалла дожийнарг, халкъана маршонан серло гайтинарг. Цундела халкъ цунах тийшира, цунна тӀаьхьа хӀоьттира, цунна муьтӀахь хилира.

Иза бIаьрла гайтира 2003-чу шеран эсаран (октябрь) беттан 5-чу дийнахь Нохчийчохь дIабаьхьначу президентан харжамаша. 80 процент сов болчу харжамхоша шайн кхаьжнаш Кадыров Ахьмад-Хьаьжигахьа тесира.

Оцу харжамашна тIера дIадоладелира Нохчийчоьнан керла дахар. Республикехь керла гIишлош ян йолийра, меттахIитто йолийра тIамо йохийна хIусамаш. ТIамах бевдда дIабахнарш цIа бахка буьйлабелира. Федеральни эскарийн совнаха долу дакъош Нохчийчуьра арадаха долийра. Шайн доьзалшна, Iедалан векалшна тIеэха, шайн бехкана къера хила буьйлабелира хьаннашкахула, лаьмнашкахула герзашца лелаш берш. Маьршачу дахаран беркате зIийдигаш яра уьш. И зIийдигаш ларьян, кхион езаш яра. Цу тIехь хьекъал а, собар а, доьналла а тоьира Ахьмад-Хьаьжин.

Цуьнца цхьаьна, машаран новкъа майрра гIулчаш яхарна гIо дора шен-шен хенахь пенсеш, белхан алапаш дIалуш хиларо, белхан меттигаш алсамйохуш хиларо. БIаьрзе воцчунна гуш бара и дика хийцамаш. Оцо адамийн дегнашкара сингаттам, гIайгIа дIайойъура.

Кхин цхьа мехала агIо а яра халкъо Ахьмад-Хьаьжехь билгалйоккхуш. Иза Iеламстаг вара. Делах кхоьруш, Далла дика Iамалъеш, хьарам, хьанал къастош вара. Дайн гIиллакхаш, Iадаташ, ламасташ кIорггера девзаш а, лардеш а вара.

Халкъан тоьлла кIентий ницкъах, доьналлех буьзначу хенахь дахарера цхьаьца бахьанашца дIабахар кест-кеста нисло исторехь. Иштта, халкъана уггаре а оьшучу хенахь, цунах бIобоьллачу хенахь Кадыров Ахьмад-Хьаьжа воцуш дисира нохчийн халкъ. Нохчийн халкъ ша лардинчу мостагIийн карах кхалхар хилира цуьнан, берриге а нохчийн дог Iовжош, церан синошна еза чов еш. Цхьана юкъана Iадийна дисира адамаш. Амма доьхна а, кхераделла а дацара. Къарделла-м муххале а.

...Со цецваьлла а ца волура Ахьмад-Хьаьжина шен халкъ дезарх, шен мохк безарх. Цул деза а, сийлахь а хIума дацара цуьнан. Вуьшта, адамаш а вуно чIогIа дуккхадезаш вара иза. Цунна бен а дацара хьалха и стаг хIун лелош хилла бохург. Цунна коьрта дара тахана и стаг хIун лууш ву бохург. Стаг хIуманах тешо, цунна дика тIеIаткъам бан доккха хьуьнар, похIма долуш вара Ахьмад-Хьаьжа. И охIла воцуш хIума дан а дацара ала мегар ду. Адамийн ойла, хьежамаш хийца боккха ницкъ болуш вара А.-Хь.Кадыров. Иза гучуделира боевикашца дIадаьхьначу дийцаршкахь. 7 эзар боевик маьршачу дахаре юхаверзийра цо. Герз охьа а диллина, халкъехьа бевлира уьш. Царах дукхахберш тахана маршонна, халкъан синтемана гIаролехь лаьтташ бу.

Баьчча дIаваьлча, дукха хьолахь, юкъараллехь барт буху, Iедалехьа къийсамаш буьйлало. Воккхавевеш ду Ахьмад-Хьаьжа дIаваьлча халкъ кхин а чIогIа вавштатаьIна, барт чIагIбина дIахIоьттина хилла хилар. Ден метта дIахIоьттинчу кIентан Рамзанан ницкъ, хьекъал тоьира Ахьмад-Хьаьжин команда ларьян, цунна гуонаха халкъ гулдан. Иза хьалха а волуш дIадахьа долийра Ахьмад-Хьаьжас долийна гIуллакхаш чекхдахар.

Нохчийн Республикехь дIахьош болчу белхаша тахана дерриге а дуьне инзардаьккхина. ТIеман цхьа а лар йоцуш меттахIоттийна Гуьмсе, Аргун, Шела, кхийолу шахьарш. Карарчу хенахь иттаннаш керла гIишлош ю Соьлжа-ГIалахь.

Шен дас айъина машаран а, толаман а байракх сийлаллица хьалхахьа хьош ву цуьнан кIант, Нохчийчоьнан Куьйгалхо, Россин Турпалхо Кадыров Рамзан.

Ас дозалла до суо КадыровгIеран Ахьмад-Хьаьжин а, Рамзанан а командехь хиларх, цара динчу, деш долчу даккхийчу гIуллакхашна юкъа сайн къинхьегаман хазна йилла аьтто хилла хиларх.

Ахьмад-Хьаьжа вайца вац ца алало соьга. Иза веха вайн дегнашкахь. Цуьнан беркат хаало Нохчийчохь деш долчу дерриге а дикачу гIуллакхашца, деш долчу хIора цIенца, тобечу урамца. Иштта хир ду даима а, нохчийн халкъ мел деха, хIунда аьлча, халкъо шен турпалхой биц ца бо. Ткъа Ахьмад-Хьаьжа Халкъан турпалхо хилла ца Iаш, бакъонца баьчча а вара. Дала декъалвойла иза! Дала къобалдойла цуьнан гIазот!








# Жизнь во имя и во благо своего народа

*В эти дни не только в Чеченской Республике и в России, в целом, но и далеко за пределами нашей страны вспоминают великого человека эпохи, выдающуюся личность новейшей истории, общественно-политического и духовного деятеля – Ахмат-Хаджи Кадырова.*



Джамбулат УМАРОВ,
министр Чеченской Республики
по национальной политике, внешним связям,
печати и информации

Первый Президент Чеченской Республики, Герой России, богослов и политик, борец и просветитель, он на примере своего жизненного, поистине героического пути доказал, что человек, у которого в сердце чистая вера во Всевышнего, любовь к своей Родине и бесстрашие во имя народа, способен кардинально повлиять на судьбы страны.

Историк, не познавший до конца смысла подвига Ахмат-Хаджи Кадырова, опишет его биографию, ссылаясь лишь на несколько основных дат из его жизни… Родился в 1951 году в Казахстане, куда был сослан его народ. Учился в школе, работал в сельскохозяйственном секторе, с начала 80-х годов прошлого века отправился учиться на богослова в Бухару. Вернувшись на родину, открыл исламский университет, затем стал муфтием Чеченской Республики. С начала лихих событий в республике, в 90-е годы, начал борьбу с ваххабистской идеологией.

В 2000-м году был назначен Президентом России В. В. Путиным Главой администрации Чеченской Республики. В 2003 году по его призыву народ вышел на референдум по Конституции ЧР. В том же году он был избран Президентом Республики. 9 мая 2004 года его жизнь оборвалась… В этих скупых строках кроется то, что не доступно для стороннего биографа, – история нашего народа, страны, в целом.

Ахмат-Хаджи Кадыров ценой своей жизни спас народ от катастрофы, указал верный путь к спасению и строительству достойной жизни. Путь, который продолжил его сын, Лидер народов республики, Герой России Рамзан Кадыров.

Сегодня великому сыну России, спасителю чеченского народа исполнилось бы 66 лет…

Мы всегда будем помнить о нём. Мы сплотимся, чтобы идти дальше по его пути. Путь Кадырова — единственно верный, доказанный самой историей, реалиями сегодняшнего дня. Дала декъалвойла Ахмат-Хьажа. Дала г1азот къобалдойла цуьнан!










ГАЦАЕВ Саь1ид

## Кадыров Ахьмад– Хьаьжин безамна

Схьавеара ткъесал чехка,
Каде, маса хьаьвзира.
Мохк буьйш лаьтта вуолла ехка
Цуьнан тIаккха дийзира.

Пхьармат санна, зоьртал, онда,
Массо меттехь ларавеш,
ПаргIатйохуш шена гондIа
Массо шахьар, массо беш.
БIе шарахь а ца далун дерг
Дира кIеззиг хенахь цо,
Мел и оьшург, мел и ца терг, –
Хилла халкъан вацархо.

И дIаваха Далла дуьхьал,
КIеззиг вехи, кIеззиг Iийн,
Нуьре ваьгна халкъан дуьхьа,
ТIепинг санна, вовха тийн.
ХIун аьр тIаккха?!
Дала декъал
Войла иза,
Цо цхьаъ вахь!
Дукха хир бац
Оцу декъан,
Динарг, лелларг,
Дагардахь:
Кхуза, эцца –
И ца кхочуш,
Цо ца ийдеш
ХIун дара?
Цхьа а тайпа,
Синтем боцуш,
Халкъан гIуллакх
Деш вара.

Кху дуьненахь
Дити ала
Дац цо цхьа а



Іаьржа тай.
Деши диццеш
Шен цІе кхала
Вахар дара
Малхал кІайн.

И ткъес санна,
Чекха вахар,
Массо гуоне
Лестина,
Хено дІо дІа
Лекха ваха
Халкъан юккъехь къастийна.
Мичахь сеци,
Мича кхечи
Иза оцу сихаллехь?
И малхал а
Нуьре керчи,
Іаьвжи верриг
Сийлаллехь.
Веги иза!
Иккхи иза!
Амма хазчу декъана,

Валар хиларх,
Оццул къиза,
Марзо йити халкъана.

И дІаваха. Сихо йин цо.
Виц ца веш вайн безамо,
Вуьйцур иза вайн гІа-бецо,
Вайн паргІатчу Іаламо.

МАГОМАДОВ Бадруди

## Къонахий даима хилла бу сийлахь

Хьан боху хьо велла,
Кхин гур вац цкъа а,
Хезар дац нохчашна
Къонахчун аз?
И бакъ дац! Хьо висна
Дегнашкахь ваха,
Даккхийта Даймахке
БІаьстенан заз.

Хьан болар, вистхилар,
Хьан бІаьргийн хьажар –
Вуьззинчу къонахчун
Хьан оьзда васт –
Дицдийр дац шерашкахь,
Хан-зама яларх,
Шен Даймохк безачу
Цхьана а дас.

Уггар а махкана
Оьшучу хенахь
Доьналла хьан хили
Орцаха вала,
Дуьненан рицкъ лехнарш
ХІинца бу генахь,
Ткъа ахьа тІелеци
Даймехкан бала.

Бехк боцу нохчийн къам
ХІаллак ца дайта,
Харцонна дуьхьала
Хьо майрра гІаьтти,
Галбевлларш кхетабеш,
Нийса некъ байта,
НеІалтах ахь хьалха
Хийла кІант ваьккхи.

МостагІа эшначу Толаман дийнахь
МостагІчул тобла хьо
Декъала хилла,
Къонахий даима
Хилла бу сийлахь,
Хьо бахьанехь Даймехкан
Кхане го сирла.

ЗАКРИЕВ 1ийса

Вай Делан диканах хастам беш деха,
Ахьмадан сийлахь ц1е вайн махкахь йогу.
Йоьхначу заманан некъ бара беха,
Ахьмада дожийра харцонан ога.

Къонахчо латткъамаш ца бора цкъа а,
Ша халкъан ца кхоош боккхура толам.
Дог майра к1антаха хастош дош аларх,
Вай тахна деккарах ца довлу хьалха.

Хьан амат хьулдина дуьллур дац к1айн
дохк,
Нохчийчоь хьан ц1арца маршоне кхаьчна.
К1еззигчу ханна а ца хилла Даймохк,
Яхь йолу хьайн к1ентех цкьа а хьо
хьаьгна!

ХАНАЛИЕВ ТІахІир

## Йоврйоцу цІе

*Нохчийн сийлахьчу кІантана Ахьмад-Хьаьжина лерина*

Схьавалар хилла хьан Бенахь,
Нохчийчохь – хазачу махкахь.
ЦІе яра езаниг жайнахь,
«Ахьмад» – хьох элира юьртахь.

Бераллехь, къуоналлехь дуьйна,
Харцонаш Іаьвшира кийрахь,
Кхалхоран къахьалла лайра,
Сатуьйсуш Даймахке гІийла.

ГІеметта хІоьттинчу хенахь,
Хилира Нохчийчохь Имам,
Дуьхьало еш яра гІера –
Вайн махка шаьш деънарш зулам.

ДегІастахь сингаттам бара,
ХІаллакдеш адамаш дара,
Хийла кІант тІепаза вайра,
Мел дукха халонаш лайра.

ТІом марсабелира махкахь,
Йохийра, ягийра ярташ,

Зуламхой бацара дагахь
Бохо шаьш чIагIбина «барташ».

Олуш ма-хиллара халкъо,
Боданца хийцало серло.
Элира Ахьмада чIоггIа:
– Вайн Дала толае бакъо!

Сацабе тIом аш ма баха,
Со веъна чекхбаккха иза,
– Iамийша, адамаш, даха,
– Ирсан дай хир ду вай тIаккха!

Мохь тоьхна элира нахе:
– Адамаш, машарна гIовтта,
Кхойкху ас, хилийта кхане,
Вайн халкъан цхьаалла чIагIъе.

Халкъ тIаьхьа хIоьттира цунна,
Айьира Толаман Байракх,
КхидIа ца даржийта, зулам
Сацийра Ахьмада майрра!

ЦIеххьана хедира дахар,
КIиллоша тешнабехк бира,
Амма цо битина бахам –
Маршо ю Нохчийчохь ехаш!

Вицлур вац Турпалхо цкъа а,
И саннарг даима веха.
Ирс къуьйсуш, дIаделларг дахар –
Къонах ву Дуьненан меха!

АБДУЛАЕВ Леча

## Къонах

Къонахчо къонах ца вуьйцу.
Къонахчо вуьйцур вац къонах.
Хьо вара, лам санна, къонах.
Хьо вуьйцурш эрз бара куьйса.
(Хьо вара, лам санна, къонах).
Къонахчо къонахчун гIалат
Кхайкхор дац, дуьне ца кхеро.
Хьо бара мокхазан алу.
Хьо вуьйцурш юкъ яра кхера.
(Хьо бара алу тIехь алу).

Хьо бара лам латто кхийра.
Аьрзунийн тIемийн синкъерам.
Хьо яра умматан къийлор,
Хьо бара тIагIутна кхерам.
(Хьо яра умматан къийлор).

Хьо вац кхин, ДегIаста еха,
Хьан некъах дийца дош хилла.
Къонах ву дуьненан меха –
Ма эрна олуш ца хилла.
(Къонах ву дуьненан меха!).

Хьо вац кхин, Лаьмнаш ца текха –
Масал гуш ахь бинчу некъан.
Умматах арданг ца хилла,
Хьо хьайх ца доьхначу декъан
Барзахан нуьрехь дIаIилла.

УСУМОВ Яхья

## Къоман турпала кIант

Кадыров Ахьмад-Хьаьжина
Нохчийн къоман сийлахь кIант,
Кагди ахь ямартчийн гIант,
Вуьсуш иэсехь даима тхан,
Ялархь эзар шерийн хан.

Ямартчарна деш гIан,
МостагIах тосуьйтуш кан,
Ахь гайти хьо хилар бакъ,
Кху махкана волуш хьакъ.

Бaькkхина сийлахь ког,
Хьо ду-кха маршонан дог,
МостагIех ахь бина хIур,
ЦIе йисна хьан хилла нур.
Догу турпалла хьан са,
Стиглахь седа хилла шех.
Ахь гайтина сирла некъ,
Боккхур бу-кха оха чекх.



Нохчийн мехкан сийлахь кIант,
Хьан сий деш ду нохчийн къам.
Цо тхайна хьо валарна,
Хастам беш ду Далла тхо.

ЭЛЬМУРЗАЕВА Хеда

## Мехкан къонах

ПаргIато ю шуна бохуш,
Цхьа бала кховдийра вайга.
Цхьаннахьа гуш нийсо йоцуш,
Дуьне а гатдира вайна.

Орцаха вала стаг воцуш,
Лаьттара боданехь мохк вайн,
Хьийзара къизалла гонах,
Адамех къиза кадетташ.

Ца лайра и Ахьмад-Хьаьжас,
ГIаьттира и майра къонах,
Миска халкъ балера даккха
Хуъушехь хир доций атта.

Бакъонца къизалла човхош,
Барт эшар хьекъалца дуьйцуш,
Яьккхира паргIато махкахь
Яьккхира маьрша Нохчийчоь.

Даймахкахь паргIато яккхар
Шен са дIадаларца оьцуш,
ДIадаьккхи цо вайна тIера
Да воцуш къам хилла латтар.

Къонахех схьаваьлла къонах!
Хьо ваьхна хьайн къоман дуьхьа.
Вицвийр вац оха хьо цкъа а,
Машар, барт, паргIато елларг.

Ца ваьлла и доьза къайла,
Йитина цо кхане вайна.
Стогалла, доьналла долуш,
Витина дика кIант тIаьхьа.




МАДАЕВА Хадижат

## Дависа, ницкъ белара, дависа...

Дависа, ницкъ белара, дависа...
ХIора а доьзалехь беркате борц таса,
Барт болуш дехар дара адамаш,
Даккхий деш хир дара дегнаш.

Дависа, ницкъ белара, дависа!
Дерриге адамийн доьхна дог хьаста...

Ма екхна хир яра стигла,
Сахьийзар хир дара эрна.

Дависа, ницкъ белара, дависа!
Вовшех мел хьоьгурш вовшахтоха.
ХIораннан даг тIехь девр дара зезагаш,
БIаьргаш а хир дара Iалам,
ДIабайна хир бара бала!

Дависа, ницкъ белара, дависа!
Махаца иймананн хIу таса,
Дашо малх даима лепийта,
Машаран олхазарш декийта.
Дависа, ницкъ белара, дависа...









# Магомадов Iабдулла: «Ахьмад–Хьаьжа шен къоман дуьхьа ваьхна вара»

*Нохчийчохь дика ламаст хилла дIахIоьттина хIора шеран хьаьттан (август) беттан 23-чу дийнахь нохчийн халкъан сийлахь воI Кадыров Ахьмад-Хьаьжа вина де (Дала гIазот къобалдойла цуьнан) даздаран хьолехь билгалдаккхар, оцу дийнахь тайп-тайпана даздарш дIадахьар. Шен халкъана доза доцуш муьтIахь а, цунна чу са диллина а вара иза. Ахьмад-Хьаьжа дага а лоцуш, оцу сийлахьчу стеган хьокъехь йолу шен ойла а йовзуьйтуш, хIинцалера Нохчийн Республика когахIотторехь, цIинъярехь цо лелийна доккха маьIна а довзуьйтуш, тхан хаттаршна жоьпаш делира Нохчийн Республикин эПравительствoм Председателан заместитела Магомадов Iабдулас:*



ДӀаяздинарг
ИБАЕВА Малика

– Хууш ма-хиллара, Кадыров Ахьмад-Хьаьжа республикин куьйгалле хӀоьттира уггаре а халачу, чолхечу, кхерамечу муьрехь. ХӀетахь дӀабоьдуш тӀом бара, еш «зачисткаш» яра, тӀепаза довш адамаш дара. Ткъа Нохчийчоь сальнашкахь Iуьллуш яра... Iабдулла, дийцахьа оцу шерашкахь хиллачу кегарина, къизаллина дуьхьалвала, и сацо Кадыров Ахьмад-Хьаьжина ницкъ белларг хӀун дара?

– Кадыров Ахьмад-Хьаьжина массо хӀуманал а деза дара халкъан хьашташ. Цуьнан къамелера хӀора а дош даггара олуш дара, цундела нехан дегнашка дӀакхочура иза, церан дагах кхетара. Цхьаьннан а тидамза ца дуьсура цуьнан къамел. Балехь даллочу шен халкъах, аьтта охьайиллинчу Нохчийчоьнах болчу лазамах догуш дара цуьнан дог. Иза ца гойла дацара. Со тешна ву, билгал цуьнан и амал, и лазам бахьана долуш цунна тӀехь ойла сецира Россин Президентан В.Путинан. ТӀаккха хӀоттийра цо иза Нохчийн Республикин ханна йолчу Администрацин куьйгалхочун дарже а. Цу хьокъехь долу Указ араделира 2000-чу шеран асаран (июнь) беттан 12-чу дийнахь. Мехкан Президент Кадыров Ахьмад-Хьаьжех чӀогӀа тешна хилар дара иза. Шега болу тешам цо лар а бира.

Нохчийн Республикехь дӀабоьдуш хиллачу тӀеман жигаралла 2000-чу шарахь лахьелира. Амма оцу хенахь Россин Федерацин бакъонийн хьаьрми юкъайогӀуш яцара Нохчийн Республика. Халкъ 1аламат халачу хьолехь а дара, цхьа а бакъо йоцуш а дара. Кадыров Ахьмад-Хьаьжина хьалха латтара вуно яккхий халонаш а, тӀех чолхе декхарш а. Делахь а царна хьалха бӀокъажош вацара иза. Харжам бина ваьллера къоман баьчча. Цо ша а олуш ма-хиллара, халкъан дуьхьа шен са махина юкъадиллина вара Ахьмад-Хьаьжа, хӀуъа хилла латтарх юхавер волуш вацара. ХӀунда аьлча, цуьнан коьрта Iалашо яра шех тешна долу, шен кхоллам шех тешийна болу халкъ кӀелхьарадаккхар, Нохчийчуьра тӀом чекхбаккхар, халкъ машаран некъа тӀе даккхар.

– Ахь ма-аллара, 2000-чу шарахь Нохчийн Республика Россин Федерацин бакъонийн хьаьрми юкъахь яцара. Дийцахьа, республикина бакъонийн статус юхаерзорехьа Кадыров Ахьмад-Хьаьжас хьалхарчу рогӀехь муьлха гӀулчаш ехира?

– Нохчийн Республикин керлачу исторехь уггаре а хала мур бара иза. Республикин гӀаланаш, ярташ сальнашкахь Iохкуш яра. Йохийна дӀаяьккхинера ерриге а инфраструктура. Хетарехь, цхьа а доьзал бацара керта бохам ккхачаза. Эзарнаш адамаш тӀепаза дайнера. Пачхьалкхан Iедалан цхьа а орган яцара болх беш. Цундела, цкъа хьалха Iедалан законехь йолу органаш яра вовшахтоха езаш. Ас юьххьехь ма-аллара, Путин Владимир Владимировича Нохчийн Республикин ханна йолчу Администрацин куьйгалле Кадыров Ахьмад-Хьаьжа хӀотторца дӀадоладелира керла Iедал вовшахтохар. Халкъан а, республикин а кхолламах долу жоьпалла ондда а, майрра а шен караийцира Кадыров Ахьмад-Хьаьжас. Шена тӀейийцира лалур бац аьлла хеташ болу беза мохь. Иза лайна ца Iаш, ша билгалйинчу Iалашоне а кхечира Ахьмад-Хьаьжа.

Цхьа гӀулч яккхар а маьрша дацара цунна. Массо меттехь кӀелонаш яра. Иза вогӀу ларвой, некъа тӀехь минаш, бомбанаш лоьлхуьйтура. Амма иза кхеро, ша юьхьарлаьцначу некъа тӀера дӀахьовзо ницкъ бацара дуьненахь! Маьрша керла Нохчийчоь когахӀотторан очакхечу некъан юьххьехь цуьнан агӀо лоцуш берш, гӀолоцуш берш мостагӀел дуккха а кӀезиг бара. Делахь а, вайна дагадогӀуш ма-хиллара, хан-зама яларца цуьнан агӀо лоцуш берш тӀеттӀа алсамбовлуш бара. ХӀунда аьлча, адамаш тийшира иза даггара лелаш хиларх, цо дуьйцуш дерг цӀена бакъдерг хиларх.

Ша дарже ма хӀоттийна Кадыров Ахьмад-Хьаьжас дӀаболийра республикин Правительство вовшахтохаран болх. Корматаллин белхахой лехаро дика тӀаьхьелира. Хьаххийначуьра аьлча, мехкан Президента Путин Владимира куьйгалла а деш, историн маьӀна долу кхеташо 2000-чу шарахь Мазлакехь дӀаяьхьира. Оцу хенахь иза Нохчийчоьх дӀаяхьа аьтто а бацара, кхераме а дара. Цигахь тӀеийцира республикин Правительство вовшахтохаран хьокъехь болу сацам. Цу тайппана хилира Нохчийчохь Iедалан дуьххьарлерчу официальни органо шен болх дӀаболор. Иза 2000-чу шеран юккъехь хилира.

– Абубакаран Iабдулла, оцу киртигехь хьох тешийнарг хӀун болх бара?

– Ас дозалла до Кадыров Ахьмад-Хьаьжин командехь, вайн халкъ, республика дерригдуьненан зуламах, Iазапах кӀелхьардаьккхина волчу, Нохчийчохь цӀий Iенор сацийна волчу, республика машаран а, цӀиндаларан а новкъа яьккхина волчу Толамхочун командехь болх бан сайн ирс хилла хиларх. Шена вуно доккха жоьпалла тӀе а эцна, Кадыров Ахьмад-Хьаьжа керла Нохчийчоь еш вара! Цуьнан куьйгаллица болх бар, цуьнан хьекъалечу хьехамашка ладогӀар, адамашца цуьнан хилла юкъаметтигаш гар – и дерриге а суна дахарехь дика дарс хилла дӀахӀоьттина. Ахьмад-Хьаьжигара дуккха а хӀума Iемина суна. ХӀетахь ас гулдинчу зеделлачо даима а гӀо до суна.

2000-чу шеран хьаьттан (август) беттахь со Нохчийн Республикин СНГ-н мехкашкахь а, Москва гӀалахь а йолчу векалаллин экономикин отделан хьаькаман дарже балха кхайкхира. 2001-чу шеран оханан (апрель) баттера лахьанан (ноябрь) батте кхаччалц ас болх бира Россин Федерацин Президент волчохь долчу Нохчийн Республикин векалаллин экономикин отделан хьаькам волуш. Оццу лахьанан баттахь со Нохчийн Республикин ягорган а, энергетикин а министерствон бахаман директорцин куьйгалле хӀоьттира. 2002-чу шеран

хьаьттан (август) баттахь сох тешийра «Чеченгазпром» ФГУП-н генеральни директоран экономикин гIуллакхашкахула волчу заместителан дарж. 2003-чу шеран оханан баттахь Нохчийн Республикин экономика кхиоран а, махлелоран а министр хIоттийра.

**– Вайна хууш ма-хиллара, Россин Федерацин бакъонийн хьаьрма республика юхаерзоран чаккхенан мур хилла дIа ца хIоьттира Iедалан органаш вовшахтохар. Цул тIаьхьа бан безаш берг хIун болх бара?**

– ХIаъ. Ахь нийса боху. Машарехьа болийна некъ чIагIбан безара. Цунна документ оьшура. Иза оьшура Кадыров Ахьмад-Хьаьжас хьалхахIиттийна вуно даккхий декхарш кхиамца кхочушдаре кхачарна. Цо ша а олуш ма-хиллара: «Республикина шен паспорт оьшура». Иштта паспорт Конституци хила дезаш дара. Иза тIеэца езаш хилар юкъадаьккхинарг Ахьмад-Хьаьжа вара. Цуьнан тешаме бIанакъостий оцу гIуллакхна вовшахкхийтира. Конституцин проект кечъяран, бахархошна юкъахь агитаци яран, кхеторан болх жигара дIаболийра. Вовшахтуьйхира Консультативни совет а, Конституционни комисси а. Царна юкъабахара Iилманан интеллигенцин векалш, юкъараллин гIуллакххой.

Иза, ас дукхазза а аьлла ма-хиллара, чIогIа чолхе, кхераме хан яра. ДIабоьдуш тIом бара. Вахар-вар маьрша дацара. Референдум дIаяхьарна дуьхьал бара эзарнаш экстремисташ а санна, федеральни Iедалан цхьайолчу органийн векалш а. Амма оцу ерриге а дуьхьалонашка хьаьжна ца Iаш, Ахьмад-Хьаьжин ницкъ кхечира референдум дIаяхьа езаш хиларх мехкан Президент тешо, халкъо шен гIолоцуш хилар дIахаийта. 2003-чу шеран бекарг (март) беттан 23-чу дийнахь дIаяьхьначу референдумехь жигара дакъа а лаьцна, халкъо кхаж тесира керла Конституци тIеэцарехьа.

Оцу харжамашна тIехь тидам латтош бара кхечу пачхьалкхашкара дуккха а тергамхой. Цара билгалдаьккхира харжамийн каппашка дуккха а харжамхой баьхкина хилар. Историн маьIна долу и гIулч яккхаро таро елира Нохчийчоь законаш дацаран а, к1урк1аманин а кIуьра юккъера схьаяккха, бакъонийн статус йолуш иза хилийта. Цул а мехала дара референдум халкъан барт хиларна тоьшалла хилла дIахIоттар. Цу тайпана, Кадыров Ахьмад-Хьаьжин хьикмат а, генна хьалха хиндерг гуш хилар а бахьана долуш, кхочушдира республика машаран некъа тIе яккхаран уггаре а коьрта декхарш. Цул тIаьхьа кхочушдан дезаш дерш республикин экономика кхиоран декхарш дара.

**– 2003-чу шеран оханан (апрель) баттахь Нохчийн Республикин экономика кхиоран а, махлелоран а министерствона куьйгалле хIоьттина волчу хьох тешийна дара экономикин гIуллакхаш… Дийцахьа оцу шерашкахь муьлха программаш кхочушйира, таханлерчу денна уггаре а бIаьрла социально-экономикин кхиамаш муьлхачу дакъошкахь бу?**

– Iедалан бакъонца йолу органаш вовшахтохаро бакъо лора республикехь федеральни яккхий программаш кхочушъян. Иштта, Нохчийчохь дуьхьарлера меттахIитторан белхаш дIабуьйлабелира 2000-чу шарахь, Нохчийн Республикин экономика а, социальни дакъа а болх бан доладалийтарна кхачоярехь хьалхарчу рогIехь кхочушдан дезачу гIуллакхийн комплекс кхочушъян йолорца. Цул тIаьхьа кхочушъян йолийра, «2001-чу шарахь Нохчийн Республикин экономика а, социальни дакъа а меттахIоттор», «Нохчийн Республикин экономика а, социальни дакъа а (2002-чу а, цул тIаьхьарчу а шерашкахь) меттахIоттор», «2008–2012-чуй шерашкахь Нохчийн Республика социально-экономикин кхиор» федеральни-Iалашонан



программаш. Цуьнца цхьаьна кхочушдира оцу программашна юкъадогIуш долу гIуллакхаш а. Уьш кхиамца кхочушдар бахьанехь республикехь бIеннаш объекташ йира, меттахIиттийра гIаланаш,ярташ. Шайн куц хийцина дIахIиттира уьш.

Дагадаийта лаьа 2015-чу а, 2016-чу а шерашкахь Нохчийн Республика тIекIал шозза Россин Федерацин инвестицийн хьелаш дика долчу субъектийн къоман рейтинган лидерш йолчу регионашна юкъаяхана хилар. Стратегин талламийн Агентствос 2015-чу шарахь дIабаьхьначу талламан рейтинган жамIашца Нохчийн Республико Россин 76 регионна юкъахь 17-гIа меттиг яьккхира, ткъа Къилбаседа Кавказан федеральни округан субъекташна юкъахь хьалхара меттиг яьккхира. 2016-чу шарахь мехкан 85 субъектана юкъахь 14-гIа меттиг яьккхина Нохчийчоьно. И жамIаш дIадовзийтира Санкт-Петербургехь дIаяьхьначу дуьненаюкъарчу экономикин форумехь. Хьаххийначуьра аьлча, оцу форумехь 2004-чу шарахь дуьйна дакъалоцуш ю Нохчийн Республика. Кадыров Ахьмад-Хьаьжас машарна ондда бух биллина хиларан а, цо дIакхайкхийна хиллачу цIиндаларан политикин а, иза кхиамца кхочушъеш волчу Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан хьуьнаран а беркате тIаьхье ю и берриге а кхиамаш.

Цхьана интервьюхь дерригенах а лаьцна дийцалур дац. Амма цхьа бакъдерг билгал ца доккхийла яц. Къиза тIом чекхбаьлла 16 шо а ккхачале Нохчийн Республика а, цуьнан пачхье Соьлжа-ГIала а вайн мехкан юьхь хилла дIахIоьттина!

Кхин хIумма а дийца а оьший. Вай цхьана маьIаргонна вайн пачхье йоцуш ма дуьсура. Хетарехь, дукхахболчарна ца хаьа я дицделла 2000-чу шарахь Нохчийчоьнан пачхье кхечу метте дехьа яккха еза бохуш дуьйцуш хилла хилар. Массара а цхьабосса чIагIдора, Соьлжа-ГIала меттахIотталур яц, нагахь меттахIотталуш хилча а, иза меттахIотторна иттаннаш шераш оьшур ду бохуш. Иза кхечанхьа дехьа яккхарна сацам боллуш дуьхьал велира Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Иза, бакъонца, сийлахь стаг вара. Республикехь мел хиллачу хийцамийн юьххьехь лаьттинарг иза ву. Цуьнан даима а сий-ларам бар вайна тIехь ду!

**– ХIаъ. Хьо бакъ ву. Дерриге а иштта дара. Нохчийн Республика мехкан тоьллачу субъектех цхьаъ йина дIахIоттор «нохчийн экономикин Iаламат» лору дукхахболчара. Абубакаран Iабдулла, дийцахьа, хьуна хетарехь, оцу кхиаме кхача аьтто муха баьлла?**

– Нохчийчохь контртеррористически операци чекхъяьллачул тIаьхьа Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана дIакхайкхийра, Iедалан ерриге а органийн коьрта декхар республикехь синтем хилийтарна а, экономике зазадаккхийтарна а кхачояр ду аьлла. Ала дашна, 1999-чу шарахь республикехь юкъаялийна хилла йолу контртеррористически операци дIаяхьаран раж 2009-чу шеран оханан (апрель) беттан 16-чу дийнахь дIаяккхар Ахьмад-Хьаьжин Рамзанан коьрта толам лору ас. И раж дIаяьккхинчул тIаьхьий бен дIа ма ца дехира республика кхиорна новкъарлонаш еш хилла долу дозатохарш. Цара новкъарлонаш йора инвестицеш Нохчийчоьнан экономика кхиорна юкъаяло. Масала, деккъа цхьана 2015-чу шарахь Нохчийчохь бюджетера йоцчу инвестицийн чоьтах кхочушйира, шайн юкъара мах 9,606 миллиард сом мах болу, 138 инвестицийн проект. Белхан 3 017 меттиг кхоьллира. 2016-чу шеран хьалхарчу эхашарахь бюджетера йоцчу инвестицийн чоьтах, шайн юкъара мах 5 269,79 миллион сом болу, 52 инвестицийн проект кхочушйина. Кхоьллина белхан 1015 меттиг. Кхочушъян йолош ю кхин а 181 инвестицийн проект. Церан юкъара мах 277 642, 83 миллион сом бу. Уьш кхочушйинчул тIаьхьа кхин а 13 592 белхан меттиг хир ю.

Ахь аьлла ма-хиллара, «Нохчийн экономикин Iаламат», иза Нохчийн Республикин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан куьйгаллица бинчу боккхачу белхан тIаьхье ю, жамI ду. Хийцам хьакха ца луш ца дисина дахаран цхьа а дакъа. И хийцамаш бахьана долуш хазъелла дIахIиттина вайн гIаланаш,ярташ, урамаш, музейш, театраш, школаш, берийн бошмаш… Дерриге а дагардина вер а вац. Масала, Нохчийчоьнан Куьйгалхочун тIедилларца газ ялийна лекхачу лаьмнашкахь Iохкуш йолчу ярташка. Советийн Iедал долчу хенахь вуно халачу хьелашкахь баьхна цигара бахархой. Субъектан Куьйгалхочо шен халкъан хьокъехь гIайгIабеш хилахь, ас дош ло шуна, Нохчийчохь санна кхиамаш кхечанхьа а хир бу.

**– Абубакаран Iабдулла, Нохчийн Республикин кхане муха хила луур дара хьуна?**

– Даима маьрша, токхе! Кхин цкъа а бохам, тIом, къизалла ма хуьлийла кхузахь. Вайн махкахь машар, синтем, ирс, зовкхе дахар хилийтаран дуьхьа шайн синош дIаделла нохчийн халкъан тоьллачу кIенташа, халкъан а, Нохчийчоьнан а дуьхьа декъалхилла Кадыров Ахьмад-Хьаьжа (Дала гIазот къобалдойла цуьнан). Путин Владимира ма-аллара, «Иза дIавахана тоьлла а волуш», шел тIаьхьа яха маьрша Нохчийчоь а юьтуш. Вайна а, вайн тIаьхьенашна а тIехь ду машар а, маршо а ларъяр, кхиамаш алсамбахар.

**– Абубакаран Iабдулла, баркалла чулацаме къамел дарна. Дала аьтто бойла хьан балхахь а, билгалйина проекташ кхочушъярехь а, Iалашоне кхачарехь а.**

– Баркалла.



# Иза Іеламстаг хилла ца Іара–Дика стаг вар!

## БисмиллахIиррохьманиррохьийм!



*Олуш ду, стага шен дахарехь лелийна маьIна доккха мел хили а иза кIезиг вовзийта везаш хуьлу. Наггахь дуьххьалдIа цIе яьккхича а тоьаш хуьлу къамел стенан хьокъехь хир ду хаа. Баккъал а, Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIе яьккхича тоьаш ду цо вайн дахарехь лелийначу мехалчу маьIнех кхета.*

**ПАШАЗАДЕ Аллахшукюр,
Кавказан бусалбанийн динан урхаллин председатель**

Кавказехь кIезиг карор бу дийна боллушехь шайн цIерш истори юкъа язйина болу Iеламнах. Дийна воллушехь шен цIе шен къоман, бусалба умматан, оьмаран историна юкъе язъяйта хьекъал, хьуьнар, доьналла, собар, ийман тоьънарг ву Ахьмад-Хьаьжа.

Цуьнан цIе цIеххьана ца яхана историна юкъа. Иза иштта хилийта дукха къахьегна Ахьмад-Хьаьжас. Дуккха а зиэрех чекхвийлина, халонаш Iаьвшина. ТIехула бIаьрг тоьхча хета цуьнан дахаран некъ атта а, чолхенаш йоцуш а хилла аьлла. Амма иза данне а иштта ца хилла. Сталинан чалтачаша луьра таIзарш



деш махках даьккхина хиллачу халкъан воI вара иза. ХIетте а цуьнан дагчохь оьгIазалла яцара. Цо халкъан бIешерийн некъ луьттуш шен дагчухула чекхбаьккхинера. Цундела ницкъ кхечира цуьнан къарлур йоцчу республикин къоман керла политика кечъян.

Ларамаза дацара советийн шерашкахь цо бусалба Iилма Iаморан некъ юьхьарлацар а, дуккха а шерашкахь доггах къахьегарца оцу некъа тIехь чIагIвелла, сий-лараме кхачначул тIаьхьа цуьнан кхолламехь дагахь ца хилла хийцамаш, голатохарш нисдалар а.

Ма-дарра аьлча, ишттаниг Ахьмад-Хьаьжин дахарехь санна, кхечу Iеламнехан дахарехь а нисделла. Цуьнан санна хала бералла, къинхьегамца йоьзна къоналла, динлелор бахьанехь хьийзор, эххар а, хиндерг къастон долу дешар, Iилма карадерзор хилла. Кадыров Ахьмад-Хьаьжас санна, ас а дешна Бухарарчу «Мир-Араб» хьуьжарехь, Ташкентерчу Исламан институтехь. Цигара цIавирзинчул тIаьхьа Iалиман декхарш кхочушдина ас. Хетарехь, тхойшиннан дахаран некъаш вовшах тера догIуш хиларо кхоьллира тхойшинна юккъехь доттагIаллин юкъаметтиг, марзо. Ахьмад-Хьаьжига безам а, ларам а кхуллуш яра цуьнан амалш: майралла, доьналла, кIорггера хьесапдан хаар, бакъонна нийсонна тIера дIаса цатаIар.

Нохчийн халкъо санна бала-гIайгIа дукха лайна халкъ хир дац Кавказехь. Махках даккхаран хало Iаьвшинчу халкъан цхьа а маьждиг дацара 1989-гIа шо кхаччалц. Делахь а, иза шен чIогIа амалш, Iадаташ, гIиллакхаш бахьанехь ийманах ца дуьйхира, цо дин дIа ца тесира, иза иэхь-бехках ца делира. Нохчийчохь къадарин а, накъшбандин а тIарикъат лардира, зератийн дола а дира бусалбанаша.

1989-чу шарахь Нохчийчохь муфтият кхолларна тIера дIадоладелира бусалба дин дендалар, даржар, чIагIдалар. Боццачу муьрехь схьадиллира иттаннаш маьждигаш. Яккхийчу ярташкахь а, гIаланашкахь а болх бан юьйлаелира хьуьжарш. Нохчийчуьрчу бусалбанийн аьтто белира ХьаьжцIа баха а, дозанал арахьарчу мехкашкахь бусалба Iилма Iамо а.

Кадыров Ахьмад-Хьаьжин а, сан а гергарло чIагIделира ерриге а Кавказана хала еанчу хенахь. Террористически акташа, граждански тIом эккхарна болчу кхерамаша, вахабиташа лелочу питанаша, къаьмнашна юккъехь нислучу Iотта-баккхамаша долчу тIе а карзахдоккхура ерриге а регионера хьал. Иза Нохчийн Республикин Президент харжале хьалха а тхойшиъ цхьаьна болх беш вара Кавказан халкъийн динан Лаккхарчу советехь. Оцу советан Iалашо яра адамийн уьйр-марзонаш чIагIъяр, къаьмнийн, динан башхаллаш хьесапе а ца оьцуш, уьш вовшашна гергардалор, уьш маьрша, бертахь дахийтар. Ахьмад-Хьаьжа тешна вара Кавказан халкъаш а, мехкаш а ирсе, токхоне, кхиаре кхачон дерг беккъа и цхьаъ боцург кхин некъ цахиларх.

Оцу тешамца хIьоттира иза Нохчийчоьнан куьйгалле а, цунна уггаре а хала, чолхе еанчу хенахь. Ахьмад-Хьаьжас дерриге а дира халкъан барт бархьама, республикера тIом сацорхьама, маьршачу гIуллакхашна халкъ цхьаьнатохархьама.

Бала-гIайгIа дукха лайна долчу оцу халкъан дахарехь дуьххьара Нохчийчоьнан муфти говза политик хилла дIахIоьттира. Ма-дарра аьлча, цунах халкъан тхьамда хилира. Президентан дарже хIоьттича Кадыров Ахьмад-Хьаьжас уггаре а хьалха арахецначу указех цхьаъ дара Нохчийчохь вахабизм лелор цамагоран хьокъехь дерг. Вахабизм екаран хьокъехь долчу оцу указан гIо а лецира, иза къобал а дира Кавказан бусалбанийн Урхалло а, ткъа иштта Россерчу муфтияташа а. Оцу даржехь волчу хенахь цуьнан болх политиках, экономиках, социальни декъах, культурах хьакхабелла Iаш бацара. Цо боккха тидам тIебохуьйтура бусалба дин чIагIдарна. Цо маьждигийн имамашка кхайкхамаш бора халкъа юккъехь барт, маслаIат дарехь жигара дакъалаца, бохуш. Ша а дакъалоцура бусалбанийн дуьненаюкъарчу конференцешкахь, тайп-тайпанчу динийн векалийн цхьаьнакхетаршкахь. Халкъашна юккъехь барт, машар барехь цара йоккха дегайовхо йолуш вара иза.

Нохчийчоьнан Президентан дарже Ахьмад-Хьаьжа хIоьттийнчул тIаьхьа тIеман кIур лахбала болабелира, республикера дахар синтеман новкъа делира. Адамаш маьрша къахьега дуьйладелира. МеттахIитто йолийра ярташ, гIаланаш. Цунах тешнера халкъ. Цунах тхо а тешнера. Тхан баккхий сатийсамаш бара цуьнца боьзна. Нохчийчохь бина ца Iаш ерриге а Кавказехь цо барт, машар бийриг хиларх тешна дара тхо.

Амма йоккхачу ямартлонца, тешнабехкаца динчу тохаро вайна юкъара дIаваьхьира и сийлахь стаг. Ахьмад-Хьаьжа кхалхар боккха эшам бу суна а, Кавказан берриге а бусалбанашна а, Iалимашна а. Царна хилла а ца Iа. Иза дIаваьлча дика доттагI воцуш дисина Азербайджанан халкъ.

Делахь а, массо а хIума АллахIан кхиэлаца хуьлуш ду. Хастам бу-кх Цунна! Тахана баккъал а вайн сатедо Нохчийчоьнна куьйгалла деш, республикехь бусалба дин даржош, кхузахь цкъа а ца хиллачу лакхалле ойъуш цуьнан кIант Кадыров Рамзан хиларо. Кадыров Ахьмад-Хьаьжин весеташ кхочушдеш, цо юьхьарлаьцначу новкъа кхиамца гIуллакхаш деш схьавогIу иза. БIаьрла бу республикехь а, Нохчийчоьнан бахархойн дахарехь а хуьлуш болу хийцамаш. Де-дийне даларца толуш, токхе хуьлуш ду церан дахар. Шеко йоццуш, уггаре а хьалха, иза бахархойн хьашташна жоп луш йолу хьекъале политика дIаяхьаран жамI ду. Хьал синтеме хилийтарехь Iаламат доккха ду дино лелош долу маьIна, ма-дарра аьлча бусалба дино лелош долу маьIна. ХIунда аьлча, Кавказ кхуьийла дац машар ца хилча, халкъийн ийман чIагIлуш ца хилча, хIара дуьне вайна Дала делла ниIмат хиларх вай кхеташ ца хилча.

Ахьмад-Хьаьжа сан иэсехь даима а вуьсур ву майра, хьикмате, шен халкъах дог лозуш вехаш хилла стаг санна. 1998-чу шарахь ерриге а Кавказан бусалбанийн Х-чу съездехь Ахьмад-Хьаьжас шайн республикин лаккхара совгIат дира суна. 2009-чу шарахь цуьнан кIанта Нохчийн Республикин Президента (хIетахь) Кадыров Рамзана баккъал а доттагIаллин



совгIат дира суна – шен турпалчу ден цIарах йолу орден елира. Доккха сий а, хастам а бу иза шен доттагIаллин мах хуучарна, вошаллин мах хуучарна.

Со даима а тешна хилла вайх хIорамма а харцонна, ницкъбарна, терроризмана, юкъараллехь долчу анташна, вайн эхь-бехкаца, ийманца догIуш доцчунна дуьхьал хаддаза луьра къийсам дIабахьа безаш хиларх. Кадыров Ахьмад-Хьаьжас шегарчу масалца дерриге а дуьненна дIагайтина харцонна, питанна, терроризмана, вахабизмана, вайна даха новкъарло еш мел долчунна дуьхьал къийсам муха дIабахьа беза, регионехь а, дерриге а дуьненахь а къинхетаман мехаллаш муха ларъян еза, пачхьалкхан а, динан а юкъара меттигаш муха дIахIитто еза.

Шен мерза са дIаделла цо оцу дерригенан а дуьхьа. Иза вайна а, вайн тIаьхьенашна а цкъа а вицлур вац.

Вассаламу Iалайкум ва рахьматуллохIи ва баракатухIу.





# Бакъ волу Къонах

*Нохчийн халкъан оьмарехь дуккха а хилла къонахий. ТIаьхьарчу бIешарахь нохчийн халкъо шен цIе йоккхуш хиллачу къонахех цхьаъ ву Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Нохчийн халкъана уггаре а кхераме киртиг тIехIоьттича, халкъ оцу кхерамах кIелхьарадаккхархьама шен са дIаделира цо. Са дIаделла а ца Iийра. Дийнна халкъан хьежамаш, ойланаш, харц-кхетамаш хийцира Ахьмад-Хьаьжас. Шен цхьана къамелехь цо элира: «БIеннаш шерашкахь маршонан, паргIатонан дуьхьа тIемаш барх дозалла деш Iийна вай. Вайн наноша вайна аганан иллеш баьхна цIеяхханчу турпалхочун Шайх Мансуран, майрачу Биболатан, кхеравалар девзаш воцчу Зандакъарчу Iаьлбаг-Хьаьжин, оьздачу, доьналлечу Зайтин Шахмирзин, Адин Сурхон хьокъехь Вайна Харачойн Зеламхин, Дедин ИсмаьIалан, Бенойн БайсагIуран, гIарабевллачу кхечу нохчийн цIерш тоххура. ХIунда аьлча, цкъа а йовр йоцу лар йитина цара халкъан иэсехь.*

**Хасанов СаьIид**

Вайн мехкан ерриге а истори цкъа а совцуш ца хиллачу гIаттамийн, тIелатарийн, тасадаларийн, цIийIеноран истори ю-кх. Вайн дайн бIаьхаллин хьуьнарш бIаьхаллин Iилманан, исбаьхьаллин говзарийн, фольклоран хазна хуьлий дIахIуьттуш дара. Иза баккъал а иштта хилла ду. Цунах вай дозалла а дина. Вайн дайн, дедайн бIаьхаллин сийлалла ю иза. Цу тIехь дуккха а тIаьхьенаш кхиийна вай. Царах цхьаъ со а ву.

Лекхахинволчун лаамца нохчийн халкъана хьалхавала дезна сан, цуьнан дахарехь уггаре а чолхечу муьрехь, нохчийн къам дуьсур ду я хIаллакьхир ду боху гIуллакх къасточу киртигехь. Цундела суна сайн бакъо ю аьлла хетта шуьга хаттар дан.

Хьалхара хаттар:

**– Хаддаза и берриге а тIемаш, гIаттамаш бича вайна, нохчашна, хIун кхаьчна, оццул бакхий баланаш, Iазапаш, халонаш лайна долчу, таханлера де тIекхаччалц ловш а долчу?**

ШолгIа хаттар:

**– Муьлхарниг ву вайх вайн къоман турпалхойн кешнаш мичахь ду хаьа суна аьлла, дозалла дан йиш йолуш, цара динчу сийлахьдезачу гIуллакхашна баркалла олуш, цкъа мукъане а уьш дагалаца церан кешнашка ваханарг?**

КхоалгIа хаттар:

**– Вайн дайша бIешерашкахь сатийсинчу маршоне а, дозуш цахиларе а кхача Лекхахинволчо а, историс а эххар а башха аьтто бича, вай хIун дира АллахIа бинчу къинхетамах а, нохчийн халкъан тоьллачу кIентийн а, йоIарийн а майраллех, доьналлех, хьуьнарех?**

Суна хаьа, цхьанна а луур дац оцу хаттаршна жоьпаш дала. ХIунда аьлча, оцу хаттаршна жоьпаш дала ваьллачун бакъдерг дийца дезар ду. Къаьхьа бакъдерг. Бакъдерг дуьйцуш хилча вай ала деза тахана вай хьоьгуш болу бала вайн тхьамданийн, баьччанийн, вайна хьалхабевлла хиллачеран хьекъале ца хиллачу политикин, царна шайна тIехь хиллачу жоьпаллин мах хууш цахиларан тIаьхье ю. Уьш даима а ницкъана тIетийжина. Уьш шайн халкъана ирс цIийх юьзначу шаьлтанан буьххьехь дан гIиртина. Юкъараллехь деза лоруш хилла герз,

ницкъ, майралла. Уггаре а сий-ларам болуш хилла халкъалахь бІаьхой а, хІайт-аьлла дошлой а. Ишттачу цІарца дахана вай истори юкъа а…

Вешан милитаристски политикица, кхечу халкъашца цхьаьна нийса гІулч йоккхуш дІадаха ца лууш дуьхьал довларца, вай Дала хаьржина ду бохучу харц ойланца вайн халкъ баса йисте кхачийна. Бала-гІайгІа дукха лайначу, чевнаш йиначу, деринчу, хьешначу нохчийн лаьтта тІехь тахана а адамийн цІий ду Іенаш. Вайн ярташ а, гІаланаш а саьлнашкахь Іохку. Байъинарш а, чевнаш йинарш а эзарнаш бу. Адамийн яххьаш тІера белар дІадаьлла, церан бІаьргашкахь меллаша бовш бу сатийсаман суй, кханенах тешаран суй. Вайна тІехІоьттинарг къоман бохам бац. Вайн къомана тІехІоьттинарг къемат ду.

ХІетте а, вайна тІе даккхий зераш дахкийтинчу АллахІа вайна кхин а цхьа таро елла вайн къам лардан, вайн республика керлачу баккхийчу бохамех ларъян…

Нохчийн кхоллам церан шайн карахь бу. Вай дІакъаста деза хазачу дешнашна, кхайкхамашна тІехьа а лечкъаш, вайн лаьтта тІехь зулам даржош болчарах. Церан, оцу зуламхойн, бандитийн карах кхелхаш бу яртийн дай, маьждигийн имамаш, бакъонаш ларъяран органийн белхахой, Іедалан гІуллакххой… Иттаннаш бераш байлахь дуьсуш ду, кІентий боцуш буьсуш бу наной, хІусамдай боцуш буьсуш бу хІусамнаной. Оцу тайппана зуламаш дарх истори юханехьа ерзалур яц. Шаьш-шайн лоьлхуьйтучеран могІарш берашца а, зударшца а тІе-м дера дузалур ду. Амма цо зулам даржор доцург, цхьа а дика хІума дийр дац, дикане а кхачор дац.

Цу тайппана зуламаш, бохамаш бохьучеран даррехь я къайлах гІолацар, Нохчийчохь кхидІа а ницкъ баран, халкъ кхерамехь латторан гІолацар ду, хьал карзахдаккхаран гІолацар ду.

Нохчийн халкъана барт оьшу. Синтем оьшу. ЦхьаьнагІуллакхаш дар а оьшу. Республикин политикин дахарехь, юкъараллин дахарехь синтем хилийтарехьа, хьал лартІе далорехьа цхьаьна гІуллакхаш дар, ницкъаш цхьаьнатохар оьшу. Калашниковн автоматан а, Макаровн тапчанан а метта вай караэца беза журналистийн къолам а, тІулгботтархочун гІирс а, пхьеран жІов а, ахархочун нох а…

Боккхачу ножан гІаш дерачу мохо санна, дуьне мел ду кхолламан мехаша дІасакхийсина вай. Нохчийчоь а йитина дІабахана болчаьрга, кху сохьтехь уьш миччахь белахь а, ас кхайкхам бо: цІа дуьйла. Нохчийчоьнна оьшу шун къинхьегамах доьлла куьйгаш, шун ира хьекъал, шун болатан лаам, собар. КхоалгІачу эзар шаре гІулч яьккхинчу вайна тІехь ду дІаяханчу хенахь дийлийтинчу гІалатех дІакъастар. Кхин мехаллаш ю вайн хила езаш ерш. Кхин Іалашонаш ю вай вайна хьалхахІитто езаш ерш. Республика меттахІоттор дІадоладала деза вайх хІора а хийцаваларна, вайн дог-ойла хийцаяларна, хьежамаш хийцабаларна тІера…». (А.-Хь.Кадыров. «Выбор пути», агІонаш 166–168).

Кадыров Ахьмад-Хьаьжин оцу кхайкхамехь вайна къеггина го иза халкъ машаран новкъа даккха, Нохчийчуьра тІом гуттаренна а дІабаккха гІодаюкъ йихкина араваьлла хилар а, ша юьхьарлаьцначу некъа тІера иза дІахьовзо, дІаваккха хІокху дуьненахь ницкъ цахилар а. АллахІ воцучух цхьаннах озалуш хилла воцу иза халкъ цхьаьнатоха, шен Даймахка цІадерзо лууш вара. Цундела бира цо дуьне ма-дду дІасабаханчу нохчашка кхайкхам а. Нохчийчохь бен уьш нохчий хилла буьсур боцийла хаьара цунна, шайн ненан мотт а хууш, дайн Іадаташ а, халкъан оьзда гІиллакхаш а лардеш. Эзарнаш, эзарнаш нохчаша къобалдира Ахьмад-Хьаьжас бохург. Уьш кхийтира «тІамо воІ веш ца хиларх, воІ вуьйш хиларх». И кица шен хенахь кест-кеста далош Іедал дара А.-Хь.Кадыровн. Юха тІетухура: «Дика ду. Кхин 5–10 шарахь тІом бийр бу вай, цхьа а маьІна доцу. Кхин а дуккха а адамаш лийр ду вайн. Стенна оьшу иза? Хьанна оьшу иза? … Делла дІадовла хІунда гІерта вай, кхидолу халкъаш даха гІертачу хенахь?» Мел бакъ лийна иза!

Кадыров Ахьмад-Хьаьжина нохчийн халкъ кхуьийла, дебийла, зовкхе, ирсе, маьрша дехийла лаьара. ТІом бан Іемина ца Іаш, майра хилла ца Іаш, вай хьекъале, хьикмате, говза хила лаьара. Вай доьшийла, Іилманаш карадерзадойла лаьара. Вай бусалба хуьлийла лаьара. Цуьнан дуьхьа шен са дІаделира цо. И дицдан бакъо яц вайн. Цкъа а. Цунах вай кхетар ду лакхахь цо хІоттийна кхо хаттар дагахь латтадахь.





# Душа музея

**Эдуард-хаджи МАМАКАЕВ,**
**заместитель председателя Союза писателей ЧР, народный писатель РФ**



Дел на территории музейного комплекса хватает. Не только связанных с посетителями, но и с необходимостью содержания подворья в надлежащем порядке. Мемориальный музей от любого другого тем и отличается, что он должен создавать впечатление, что здесь еще живут хозяева, только они куда-то вышли и вот-вот вернутся. Здесь, как в любом обитаемом доме, проходит смена времен года, и даже день сменяет ночь. Одним словом, здесь все живет, дышит и говорит. Только надо уметь это слышать… Разумеется, не каждому такое дано. Может быть, не каждому это и надо. Но мне без этого, видать, уже не жить. За многие годы пребывания в храме священных для меня экспонатов я научился не только их слышать, но и говорить с ними по душам. Да, по душам. Потому что души наших предков, души близких нам людей витают вокруг тех из нас, кто любил их живых, а сегодня хранит о них память.

Иногда в вечерних сумерках, оставаясь наедине с памятником отцу, я присаживаюсь у его подножья на ступеньку, и мы с ним (с отцом) уже который раз перебираем страницы книги о недолгой его, но насыщенной трагическими событиями жизни. Книги, которую я пытаюсь составить по воспоминаниям его друзей, учеников, знакомых и даже случайных попутчиков в окололитературном мире. И опять окружают меня друзья и близкие люди отца – орехи: «Идрис Ведзижев», «Абузар Айдамиров», «Магомед Сулаев», яблони: «Валид Дагаев», «Юшаъ Айдаев», «Абдулла Дадашев», груша «Зайнди Джамалханов» и другие. В раздумьях о скоротечности жизни до поздней ночи прислушиваюсь я к ним под монотонный плач выпи, затаившейся где-то в кроне.

С 7 мая 2004 года к великолепному кругу друзей-деревьев прибавился еще один, не менее достойный их общества гость – коренастый саженец сливы.

Более недели простоял он прикопанный во временно отведенной лунке, прежде чем наречься собственным именем – именем великого Сына чеченского народа Ахмад-Хаджи Кадырова.

А предыстория такова.

К концу апреля 2003 года я зашел на работу к своей родственнице Айшат Мамакаевой, которая в ту пору работала главным специалистом в одной из государственных служб. Только я переступил порог, как неожиданно оказался лицом к лицу с плотным коренастым человеком в сопровождении крепких молодых ребят.

Мгновенно узнав в нем президента, я отпрянул, уступая дорогу его охране.

– Схьавола, схьавола, – с улыбкой в глазах и на лице отступил и он. – Хьо мичара вели? Лаа вуй хьо?

Про себя я подумал, что он, должно быть, обознался. Однако я с удовольствием пожал протянутую мне руку и смущенно выдавил из себя:

– Де дика хуьлда хьан, Ахмат-Хьаьжа. Де дика хуьлда.

– Музей хIун деш ю вайн? Лаьтташ юй хIара?

«Нет, – подумал я, – выходит, он меня узнал, хотя так, лицом к лицу, до этого мы вроде бы и не встречались». – Болх беш ю и-м, Дала мукълахь.

Далее я стал смущенно извиняться, что не совсем кстати я оказался у него на пути.

– Сказать честно, Ахмат-Хаджи, думал, что Вы меня приняли за кого-то другого, вроде бы обознались. Вижу, что нет. Большое спасибо и извините, что задержал Вас.

– О чем ты говоришь, Эдуард. В лицо-то я и мог не запомнить, но кто из моего поколения не помнит «Даймохк-нана», в исполнении Апти Далхадова? – и Ахмат-Хаджи даже продекламировал целый куплет из этой песни:

«Даймохк-нана, стенца лара
Аса шуьга безам сайн! –
Цхьа а терза
Дац и уоза, –
Хоьар бац и даг чу бен.

Разве не твои эти слова?
«Да виса-кх, Даймохк, ненах санна,
Хьан мара хьарча даггара!»

Разумеется, от неожиданности я просто растерялся. А он продолжал:

– Я с детства знал поэму твоего отца «Нохчийн лаьмнашкахь», а монолог Зеламхи помню дословно. Трудно поверить, что они написаны не в наши дни: вот послушай:

«Не знаю, что нас завтра ждет:
Победа или поражение;
Но терпеливый наш народ,
Я верю, выйдет из терпенья.
И на заре большого дня
Восстанет он из тьмы и плача
И сбросит иго, а иначе
Погибнет вся моя Чечня».

Ежегодно, когда весь чеченский народ, и не только, готовится отметить очередную дату рождения первого Президента Чеченской Республики, Героя России, человека ценою своей жизни спасшего от неминуемой гибели свой народ Ахмат-Хаджи Кадырова, меня, невольно, охватывает мысль: «Кто он, этот великий человек, сумев-

ший в одночасье повернуть колесо истории народа вспять, остановить войну и водрузить над республикой знамя мира и созидания!? Откуда, с каких источников он черпал силы!... Всё ли сказали мы о его значимости в истории и дальнейшей судьбе чеченской нации, достойно ли оценили его заслуги перед народом и республикой?». Я себе дают ответ: «Нет! О нем можно говорить бесконечно!» Каждый раз, думая о его беспримерном подвиге в истории чеченцев, я обнаруживаю в Ахмат-Хаджи все новые и новые качества человека, лидера, личности, мудрого и прозорливого политика.

Мы многого не знаем и многое нам неведомо о нем. Но народ благодарен Ахмат-Хаджи за сегодняшнюю мирную и созидательную жизнь. И с особым уважением, почитанием вновь встречает очередной День его рождения. И говорит Хвала Всевышнему, ниспославшему нам такого Сына! Народ гордится своим Героем!

В самый опасный и, казалось, безысходный момент в сложившейся ситуации, когда раскол в среде интеллигенции, незрелость чеченской политической элиты, отсутствие конструктивной национальной идеи и преобладание в национально-освободительном движении маргинальных элементов достигло своей апогеи, по воле Аллаха на политической арене появился Ахмат-Хаджи и сразу же заявил о том, что берет на себя всю ответственность за судьбу многострадальной нации. Единственным человеком в Чечне, кто нашел в себе мужество и смелость открыто выступить против надвигающегося зла был Ахмат-Хаджи. Летом 2000 года, проявив мудрость, Президент Российской Федерации В.В. Путин назначил руководителем Чеченской Республики А-Х. Кадырова.

В своей книге «Человек и эпоха: Ахмат-Хаджи Кадыров» Дукуваха Абдурахманов, говоря о взаимоотношениях В. Путина и А-Х. Кадырова, подчеркнул: «С первых шагов их совместной работы по урегулированию кризиса обнаружилась общность их взглядов на общественно-политическую ситуацию в республике и варианты её стабилизации… И самое главное, их объединила убежденность в том, что исторические судьбы России и Чечни нераздельны, что только в сообществе братских российских народов Чеченская Республика может приобрести подлинную свободу. И в этом основа величия и целостности России». Теперь, по истечении длительного времени, мы знаем, что это было единственно мудрое решение.

Возвращаясь к тому времени и реально оценивая сложившуюся в республике ситуацию, следует отметить, что это было тяжелое для чеченского народа время, и не каждый осмелился бы взять на себя ответственность за судьбу целого народа. Ахмат-Хаджи пошел на этот шаг, потому что был прозорливым политиком, глубоко верующим и знающим нацию изнутри, и видел, что народ растерян, и его надо вывести на прямую дорогу. Это спасло нас!

Весь чеченский народ с огромной благодарностью и признанием встречает очередную годовщину со Дня рождения великого сына чеченского народа Ахмат-Хаджи Кадырова, помнит и чтит память о нем. Много сказано об Ахмат-Хаджи. Но каждый раз, вспоминая эту легендарную историческую личность, мы находим в нем все новые и новые качества. Он был удивительно умным человеком, истинным мусульманином. И оставил после себя неизмеримый след богоугодных деяний.

Ахмат-Хаджи и не мог быть другим человеком, потому что своими корнями уходит в истинно религиозную семью. Его предки были глубоко верующими людьми. Он с самых малых лет начал постигать Ислам. После завершения начального образования учился в Бухаре. Затем в Амманском университете, и на три года раньше завершил 7-летнее образование, что говорит о его незаурядных способностях. При его непосредственном участии открылись в нашей республике первые мечети. А-Х. Кадыров основал первое медресе, был первым ректором Исламского университета. И в то же время Ахмат-Хаджи – мудрый политик, экономист, политолог. Думаю, что главная заслуга Ахмат-Хаджи в том, что в тот страшный период, когда чеченский народ оказался поделенным на две непонимающие друг друга стороны, сумел найти между ними компромисс и слить народ воедино. Второго такого, трезво оценивающего создавшуюся ситуацию в республике, в тот период не было среди народа. Он был авторитетом среди религиозных деятелей и мудрым политиком в остановке войны.



Вот и на этот раз, как и в прошлые годы, республика и весь народ, начиная со столицы республики и заканчивая самыми высокогорными селами, готовится отметить очередной День его рождения. Торжества и памятные мероприятия пройдут не только в Чеченской Республике, но и во многих городах и республиках России, что подчеркивает его огромную значимость в жизни чеченского народа.

Народ с теплотой и горечью говорит о нем. Теплотой – потому что, все, чем радуемся мы сегодня, заложено и начато этим человеком, а горечью – потому что никакие годы неспособны сгладить и сколько-нибудь умалить степень потери нашего национального лидера. А вклад Ахмат-Хаджи в зарождение и развитие мирных процессов в нашей республике и, как следствие, на Северном Кавказе и России, настолько значителен, что мы сегодня имеем общую Родину – Россию и свою малую Родину – Чеченскую Республику, флаг, герб, гимн, культуру, традиции, национальные обычаи – это все то, из чего формируется достоинство этноса.

Величие духовного и жизненного подвига Ахмат-Хаджи в том, что он сумел найти в себе силы мужественно пойти против международной террористической гидры. И

в этой трагической ситуации, будучи духовным лидером, он сделал единственно правильный выбор. Как известный книжный герой Данко в минуты опасности для народа разорвал свою грудь и сердцем осветил дорогу к свету, так и Ахмат-Хаджи, когда понял, что народ заблудился, рискуя собой, указал чеченцам единственно правильный выход к свободе.

И нам сегодня очень важно проанализировать каждый шаг, каждый поступок этой легендарной личности, стратега и политика, чтобы потомки никогда не повторили ошибок прошлого. Нам важно оценить по достоинству то, что все, что мы сегодня имеем, это результат завоеванного им в тот период доверия к себе со стороны руководства Российской Федерации.

Сила политика Ахмат-Хаджи заключалась в том, что он в сконцентрированном виде выразил в тот страшный для республики период волю здравомыслящей части чеченского народа. Быть вместе с Россией, добиться мира и созидания, возможности свободно трудиться и жить. Поэтому он и получил абсолютное доверие народа. Даже та незначительная часть, которая имела глупость до того колебаться в чем-то, при лидерстве Ахмат-Хаджи встала в один ряд с ним, потому что он сумел довести до сознания ошибающихся, какой путь избрать, чтобы сохранить нацию и повернуть колесо истории на мирное существование.

В сложнейших драматических условиях, когда на чашу весов была поставлена не только судьба Чеченской Республики, но и всей России, А-Х.Кадырова назначили Главой Администрации Чеченской Республики. Это событие стало началом отсчета послевоенного возрождения чеченской нации. Авторитет Ахмат-Хаджи, имя которого было известно далеко за пределами республики, его принципиальность и смелость в решении политических вопросов сыграли решающую роль, став залогом доверия. Его знаменитые слова, что он «пришел не остановить войну», а намерен завершить её, вызвали в народе уважение и полное доверие к нему.

Думаю, что жива в памяти каждого жителя республики картина 2000 года, когда республика лежала в пепле и руинах: полностью разрушенная экономика, стертые с лица земли заводы и фабрики, уничтоженная социальная и инженерная инфраструктура, полнейшая безработица, прерванная учеба в общеобразовательных и профессиональных учебных заведениях.

В этих условиях Ахмат-Хаджи, взяв на себя высочайшую ответственность, возглавил Чеченскую Республику и вопреки мнения множества скептиков сумел остановить кровопролитие и направить чеченское общество на путь мира и созидания.

Говоря о мужестве, решительности и смелости Ахмат-Хаджи, я мысленно возвращаюсь и перед моим взором оживает его лицо и выступление на передаче «Свобода слова». Множество раз приходилось видеть и слышать выступления разных политиков, лидеров, но такого решительного и смелого заявления, как было сделано в этот час Ахмат-Хаджи – никогда! Это была речь человека, который не отступит ни на шаг от своих идей. Не сомневаюсь, что если даже ему сказали бы в этот миг, что такого содержания речь может быть последней в его жизни, он, не моргнув глазом, сказал бы то же самое. После этого выступления еще сильнее возросла вера народа в него.

Ахмат-Хаджи, ясно понимая, что одной из причин, мешающих стабилизации общественно-политической обстановки в республике, является произвол и массовое нарушение прав мирного населения, пришел к единственно правильному решению, что необходим закон, регулирующий конституционно-правовое пространство республики, т. е. принять Конституцию.





Думая о завтрашнем дне, желая заложить основу мирного проживания чеченского народа на долгие годы вперед, он стал думать о проведении референдума народа. И, пожалуй, самым выдающимся творением Ахмат-Хаджи явился референдум 23 марта 2003 года. Он пришел к этому осознанно, как мудрый и прозорливый политик, человек, искренне переживающий за судьбу своего народа. Много было разногласий по поводу его проведения. Были за и против. Но он заявил и сумел в этом убедить большую часть населения республики, что наша дорога – в одном ряду со всеми народами Российской Федерации, мы граждане России. Тем самым объединил разрозненный, разуверившийся народ. Многие, наверное, помнят, в каких условиях проходил референдум. Но, тем не менее, во главе с Ахмат-Хаджи народом была одержана очередная победа. Была принята Конституция –основной Закон, по которому следовало развиваться республике и строить мирную жизнь на чеченской земле. Общенациональный референдум дал старт формированию легитимных органов государственной власти Чеченской Республики. В соответствии с положениями принятой Конституции в республике 5 октября 2003 года прошли выборы, где Президентом ЧР был избран А-Х. Кадыров.

«Только укрепляя существующую власть, а не пытаясь размыть фундамент под ней, мы, чеченцы, сможем доказать всему миру, что умеем не только разрушать, но и созидать», – говорил Ахмат-Хаджи.

Иначе говорить и мыслить он не мог, потому что вырос в глубоко верующей семье и с малых лет познал истинный путь Всевышнего. Глубокого содержания характеристика была выдана выпускнику Ахмат-Хаджи руководством медресе Мир-Араб Управления мусульман Узбекистана (газета «ВР» № 61 2005 г.).

«Кадыров Ахмат-Хаджи Абдулхамидович- 1951 года рождения, чеченец, образование среднее, с 1979 года по 1983 год обучался в медресе Мир-Араб города Бухары.

С первого года обучения студент Кадыров проявил неуемную жажду к изучению священных писаний Корана, сунн и шариата. Он, великолепно владея арабским, узбекским, таджикским и русским языками, занимался трудами великих мусульманских богословов Гиждуваний, Багаутдина Накшбандий; увлекался философией и поэзией Навои, Рудаки, Беруний, трудами Фараби, научными открытиями Авиценны и Улубека. История, география и естествознание были его любимыми предметами!

Ахмат-Хаджи Кадыров прекрасно ориентировался в исламских канонах и придерживался истинного учения, исходившего от самого Пайгамбара и его асхобов. В проходивших в аудиториях беседах и дискуссиях, он показывал блестящие знания обсуждаемого предмета и помогал своим коллегам осваивать наиболее правильное толкование священных писаний. Еще в молодые годы он имел однозначно критическое суждение о радикальных привнесениях в ислам и категорически их отрицал.

Ахмат-Хаджи Кадыров прекрасно сочетал в себе исламскую убежденность со светским началом, заложенным в него родителями и национальным происхождением. Он безупречно владел программой медресе в области точных и гуманитарных наук, щедро делился своими знаниями со своим сверстниками. Старался в их кругу утвердиться как состоявшаяся личность.

За время учебы в медресе Ахмат-Хаджи Кадыров показал себя исключительно с положительной стороны. Пользовался безусловным авторитетом среди преподавателей. Такое отношение он к себе заслужил честным и добросовестным отношением к учебе.

На каком бы курсе он ни учился, везде его отличали исключительное трудолюбие, исполнительность и душевная щедрость.

Немалый вклад он внес в повышение ответственности учащихся за порученное дело личным примером.

За выдающиеся показатели в учебе Ахмат-Хаджи Кадырову вручили диплом об окончании медресе Мир-Араб на 3 года раньше установленного срока в 7 лет. Подобного прецедента не имелось за все время существования нашего учебного заведения (Хожа Мухиддин Нугманов, директор медресе Мир-Араб)».

Таким учеником был Ахмат-Хаджи и другим человеком быть не мог, как тем, который спас свой народ.

За короткий период времени под руководством Ахмат-Хаджи удалось восстановить первоочередные объекты системы жизнеобеспечения. Это объекты жилищно-коммунального хозяйства, транспорта, связи, телерадиовещания и печати. Также началось восстановление агропромышленного комплекса, стройиндустрии. Был восстановлен учебный процесс в общеобразовательных и профессиональных учебных заведениях, заработали учреждения здравоохранения.

Никакими мерками нельзя измерить заслуги первого Президента Чеченской Республики Ахмат-Хаджи Кадырова в деле сохранения культурной самобытности чеченского народа.

В одном из своих выступлений, говоря о необходимости восстановления объектов культуры, Ахмат-Хаджи подчеркнул: «Раньше нашу республику узнавали благодаря Махмуду Эсамбаеву – знаменитому танцору нашего времени. Потом стали отождествлять с банидитами… Нам надо вернуть былую славу нашему народу, показать всему миру, что здесь сохранились культура, искусство, нормальные люди». Он был глубоко озабочен сложившейся ситуацией в сфере культуры, искусства, нравственности. Одним из проявлений Ахмат-Хаджи по развитию культуры стало изданное им распоряжение «О мерах по социальной защите и стимулированию труда работников сферы культуры и искусства ЧР», по которому были установлены надбавки работникам за стаж работы, почетные звания за счет республиканского бюджета. Это постановление позволило поднять заработную плату культработников в среднем на 40 %.

«К концу 2003 года в республике при содействии Ахмат-Хаджи было восстановлено 664 учреждения культуры, в которых были заняты 2647 работников» (Д. Абдурахманов «Человек и эпоха: Ахмат-Хаджи Кадыров»).

Формирование единой государственной политики в сфере культуры, где в основе лежали базовые ценности чеченской традиционной культуры, заняло достойное место в культурном пространстве России.

Заложенное Ахмат-Хаджи начало возрождению исконной чеченской культуры получило дальнейшее широкое всестороннее развитие и подъем с утверждением на пост Президента ЧР Рамзана Кадырова, верного продолжателя дела своего отца.

И первым документом, который подписан Рамзаном Кадыровым, став Президентом ЧР, была Концепция государственной национальной политики в ЧР, в которой обозначена необходимость создания условий для экономического и культурного развития граждан всех национальностей, проживающих в республике.

Продолжая дело своего отца, Рамзан Кадыров создал региональный фонд им. А-Х. Кадырова, где Президентом является Аймани Кадырова, женщина, подарившая народу двух Героев, двух славных сыновей. Милосердная, добрейший души человек, она и пожалеет, и поддержит, и материально поможет всем, кто нуждается. Основная задача Фонда – воспитание и становление нового человека Чечни, сильного духом, образованного и воспитанного в традициях чеченского народа. Как сказал Рамзан Кадыров в своем обращении к работникам сферы культуры, деятелям искусств и народного творчества: «В понятие культура входит и культура поведения в семье, в обиходе, в общении между собой, поведение в обществе. Из всех этих компонентов состоит культура, по которой люди судят о народе в целом. Все сказанное не говорит о том, что мы должны забывать и о классической культуре. В мировой культуре много того, что может помочь нашему народу понять и ощутить всю ценность того, что и почему произошло с нами в последнее время. К этой работе необходимо подключить все силы, знания, опыт наших творческих работников…» Чтобы выполнить намеченные цели, в республике делается многое. В мае 2007 года состоялось торжественное открытие Национального музея Чеченской Республики, чуть позже вселился в заново отстроенное и отреставрированное здание Чеченский драматический театр им. Х.Нурадилова, открылся Государственный театрально-концертный зал, возобновил свою деятельность коллектив театра им.М.Лермонтова, театр получил в подарок великолепное новое здание.

Известные танцевальные коллективы республики: легендарный ансамбль «Вайнах», а также «Нохчо», «Даймохк» и «Башлам» приняли участие во многих российских и международных фестивалях. Огромным событием не только в развитии культурной жизни республики, но и всего Северного Кавказа стало проведение в Грозном X-го юбилейного фестиваля мастеров искусств «Мир Кавказу», способствовавшего сближению культур народов региона.

Вошло в систему проведение ежегодных конкурсов, фестивалей, соревнований, где принимают участие учащиеся школ искусств и музыкальных школ, а также молодежь, где



демонстрируются достижения и творческие способности. Эти праздники – фейерверк талантов дарит новые имена и подтверждение тому, что у культуры и искусств народа есть будущее.

Много идей и инициатив по увековечению исторической памяти чеченского народа и воссозданию культурных центров принадлежит Главе Чеченской Республики, Герою России Рамзану Кадырову. По его идейному замыслу в мае 2008 года в центре Грозного, символизируя центр культуры и истории чеченского народа, открыт Мемориальный комплекс Славы, основными задачами и целями которого является увековечение памяти Героев и участников Великой Отечественной войны 1941-1945 гг., увековечение памяти уроженцев Чеченской Республики, оставивших позитивный след не только в истории чеченского народа, но и России в целом. Учитывая особую значимость и исключительные заслуги перед чеченским народом, республикой и Российской Федерации первого Президента ЧР, Героя России А-Х.Кадырова в Мемориальном комплексе Славы открыт музей его имени.



Особое место в становлении и развитии культуры народа занимает Государственная филармония Чеченской Республики. За годы своего существования она внесла неоценимый вклад в развитие песенного жанра чеченцев. После недавней аттестации, прошедшей в стенах филармонии, значительно помолодел по возрасту состав исполнителей. Среди певцов появились новые имена. Ни одно мероприятие республиканского уровня не обходится без выступлений любимых в народе исполнителей чеченских народных песен и песенных коллективов «Илли», «Ламанхой», «Хазна», «Нур-Жовхар» и др.

Ведущее место в искусстве танца занимают коллективы «Вайнах», «Даймохк», «Нохчо», «Башлам».

Еще одним из главных вопросов, по которому определяется высокая культура чеченского народа, является то, что Чеченская Республика стала домом дружбы для всех народов, населяющих её. Символично, что первым документом, подписанным на посту Президента ЧР Рамзаном Кадыровым, была Концепция государственной национальной политики в ЧР, где обозначена необходимость создания условий для экономического и культурного развития граждан всех национальностей, проживающих в республике.

Ахмат-Хаджи придавал огромное значение вопросам укрепления дружбы между народами, особое внимание уделял этническим культурным центрам и делал все возможное для возрождения и развития культуры, обычаев и традиций национальностей, проживающих на территории Чеченской Республики. Особое внимание уделяет этническим культурным центрам и Глава Чеченской Республики Рамзан Кадыров. Он прилагает максимум усилий, чтобы каждому в республике жилось хорошо, чтобы каждый почувствовал, что он живет в едином доме дружбы. В республике успешно решаются задачи по формированию добрых межнациональных отношений и зрелого гражданского общества. В русле проводимых мероприятий по формированию межэтнической дружбы и согласия ежегодное проведение фестивалей дружбы этнокультурных центров, дни национальных культур этнических групп.

В феврале месяце 2011 года в Грозном состоялся IX Конгресс народов России, а в середине апреля месяца прошел межрегиональный культурный форум малочисленных народов Северного Кавказа, в котором кроме принимающей стороны приняли участие делегации Ставрополья, Кабардино-Балкарии, Дагестана, Ингушетии, Северной Осетии-Алания, Карачаево-Черкессии. Такие и подобные им встречи и форумы способствуют взаимообогащению и взаимовлиянию культур.

Символизируя мир, добро и благоденствие, в центре столицы возвышается мечеть имени Ахмат-Хаджи «Сердце Чечни».

Ахмат-Хаджи говорил, что он никогда не стремился стать политиком, его политиком сделало время и ситуация, сложившаяся вокруг чеченского народа. И он оказался прозорливым и дальновидным политиком. Тому подтверждение наша сегодняшняя жизнь. Благодарный народ помнит и никогда не забудет о его подвиге во имя спасения нации.

Отмечая очередную годовщину со Дня рождения первого Президента ЧР, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова – национального лидера и мужественного человека, с полным основанием народ говорит: Мы гордимся своим Героем!

Человеческая память обладает великой силой помнить. И, чтобы реально оценить сегодняшний день, она вновь и вновь возвращает нас к тем трагическим событиям… И как хорошо, что время все дальше и дальше отдаляет нас от страшных лет, когда республика лежала в руинах и пылила пеплом сгоревшей жизни… Люди, помните об этом и будьте милосердны и добрее друг к другу!

# Адамийн дахарехь, культурехь Кадыров Ахьмад-Хьаьжин Суфийн методологи

*Пхи бIе сов агIо а йолуш, диъ дакъа а долуш Iилманан боккха болх бу Насуханов Майрбек-Хьаьжас Москварчу «Iилма» издательски туьшехь арахецнарг. Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентана, Россин Турпалхочунна Кадыров Ахьмад-Хьаьжина лерина бу иза. ХIокху жайнехь цо вайна Ахьмад-Хьаьжа, коьртачу декъана, Iеламстаг санна вовзуьйту, цуьнан похIма дуьззина схьа а гойтуш.*

**Жайне (Книге) бIаьрг тоьхнарг – ХАСАНОВ Сайдхьасан**

Дешхьалхенехь автора вай, ешархой, кхетадо ша Ахьмад-Хьаьжех «Шайх» хIунда аьлла. «Шайх» уггаре а хьалха гIеметта хIоьттина, аьлча а 50 шарал тIехваьлла стаг хила веза, юха тIарикъатан некъа тIехь волу суфийн юкъараллин хьехамча я устазан некъ дIакхоьхьуш, цуьнан дика мурид хила веза... ШариIатан Iилманаш тIехдика девзаш, Къуръанан а, хьадисийн а маьIнаш даха хууш хила веза, шегахь тоьлла амалш йолуш хила веза. Иштта шайхаш олу кIорггера Iилма долчу стагах, динехь сий-ларам болчух. Иштташарах вара Шайх Кадыров Ахьмад-Хьаьжа», – боху Насуханов Майрбек-Хьаьжас. Юха тIетуху: «Шайх» сийлахь, еза, лераме цIе ю бусалбанийн гоьваьллачу Iилманчина, Iеламстагана, хьехамчина, межлисан (динан юкъараллин – С.Х.) имамана луш йолу, шен ийманца, суфийн тIарикъатан новкъахь динчу гIуллакхашца вевзина волчу».

Шеко йоццуш, и механлаш шеца йолуш вара Шайх Ахьмад-Хьаьжа. Иза Iаламан устаз хиллачу Шайх Кунта-Хьаьжин дика мурид вара, даима сатуьйсуш вара шовкъечу чIагарехь зуькар дан. Шен аьтто ма белли зуькаре а хIуттура иза. Доггаха иза дан а дора. Цуьнца цхьаьна цо инкарло ца йора кхечу вирдехь болчарна, цхьана а устазана. Цаьрца боккха ларам бара. Вайна хууш ма-хиллара, Шайх Кадыров Ахьмад-Хьаьжас дуккха а шерашкахь Iамийра диа а мазхIаб, ша ШафиIин (Разий АллахIу IанхIу) мазхIабехь хиллехь а», – хоуьйту вайна жайнин автора.

ШариIато ма-хьоьхху хьукма дан а, оцу мазхIабийн башхаллин маьIнех нийса кхета а оьшура Ахьмад-Хьаьжина и хаарш карадерзор. Цундела ларамаза дацара цуьнан хьехамашка, къамеле, Нохчийчуьрчу бусалбанаша санна, кхечу регионашкарчу а, дозанал арахьарчу а бусалбанаша, ткъа иштта Делах тешаш боцучара а леррина ладогIар. Цуьнан дош церан даге, кхетаме дIакхочуш хиларан билгало лара йогIу иза.

Дешахьалхе ерзош шен белхан коьрта Iалашо йовзуьйтуш М-Хь.Насухановс боху: «ХIара монографи лерина ю... вайн къоман баьччин, хьекъалчин, юкъараллин гIуллакххочун суфийн методологина, халкъан имамана Шайх Кадыров Ахьмад-Хьаьжина, цо дин Iаморехь, талларехь хьегна къа гайтарна.

Хьалхарчу «Муджадид». Практик-реформатор Шайх Кадыров Ахьмад-Хьаьжа» декъехь автора вайна цкъа хьалха довзуьйту Ташу-Хьаьжин, Байазид Бистамин, Кунта-Хьаьжин, Баматгири-Хьаьжин, кхечеран Iилманех, дахаран некъех, кераматех дерг Iамо хилла болу лаам мичара схьабогIуш бу, муха кхоллабелла бохург. Ахьмад-Хьаьжа бераллехь дуьйна чIогIа лууш хилла суьпачу нахана юкъахь хила. Иза ийманехь кхиорехь доккха маьIна лелийра цуьнан дас Кадыров Iабдулхьамид-Хьаьжас. Иза цIена бусалба стаг вара, догцIена, куралла йоцуш стаг вара. Кунта-Хьаьжин вирдехь вара иза. Далла дукха лерина Iамал-Iибадат деш хиларца, Делах кхоьруш хиларца вевзаш вара. БIе шарахь гергга ваьхна иза кху дуьненахь. Шен ворхI шо кхаьччахьана дуьйна ламазмарха дитина вацара мел хала, чолхе, кхераме хенаш тIехIиттарх. Махках даьхча а, луьра тIом баьлча а, мацалла хIоьттича а Далла Iамалъярх, фарзаш кхочушдарх юха ца велира Iабдулхьамид-Хьаьжа.

Адамаш чIогIа дукхадезара цунна. Шен неIаре веанарг хьошалла ца деш ца вохуьйтура. Шен берийн хеннара волчуьнга вистхуьлуш а «сан ваша», «бусалба ваша» олура цо. Цкъа а гIиллакхах, собарх иза воьхна меттиг ца хааелла. И санна волу да доьзална дика масал ца хуьлийла дацара. Ахьмад-Хьаьжина а баккъал а масал хилла льттара иза массо а хIуманна тIехь. Дас шен леларца, ийманца, гIиллакхашца, эхь-бехкаца, стогаллица, доьналлица боккха тIеIаткъам бира цунна. Иза шен жайнехь чIагIдеш волчу М-Хь. Насухановс билгалдоккху: «...Дала цунах бина къинхетам шена гуш санна Iабдулхьамид-Хьаьжас доккха маьIна лелийра шен кIант кхетош-кхиорехь, вайн сийлахьчу эвлаяаша, шайхаша хьехначу тIарикъатан, суфизман некъа тIе нисварехь».

Оцу хьехамаша Ахьмад-Хьаьжин дагчу дижийнера, Делан къинхетамца, Iилма Iамо дезар, Iилманан кIоргенашка кхача везар. Цо иза Iама а дира, шена Iеминчух, ша духе кхиинчух тоам ца беш, дуккха а хIуманийн къайленаш йостуш. ТIаккха кхечира иза шен цIе бусалбанийн дерриге а дуьненахь йовзаре.

Нохчийн халкъан оьмарехь уггаре а хала, кхераме беанчу муьрехь, шен дегIах дог диллина, оцу халкъана хьалхавелира Шайх Ахьмад-Хьаьжа. ХIаллакьхиларан зила тIе хIоьттина долу иза машаран некъа тIе дIадерзийра. «Дала бакъо толайойла!» бохучу кхайкхамца халкъ шена тIаьхьа хIоттийра, луьра тIом, мостагIалла хьедира халкъан мостагIашка: дуьненаюкъарчу террористашка, вахабиташка, экстремисташка. ... Шайх Ахьмад-Хьаьжас шуьйрачу хаамийн гIирсашкахь къамелаш деш, маьждигашкахь хутIба (хьехамаш) доьшуш кегийрхой а, гIеметта хIиттинарш а бакъонан некъа тIе, эвлаяийн, устазийн некъа тIе хIиттабора», – чIагIдо хIокху жайнехь М-Хь.Насухановс.

Цо дийцарехь, Ахьмад-Хьаьжа бахьанехь, цуьнан хьикмат, хьекъал бахьанехь вай Ислам академически Iаморна, исламан культурин дешаран, Iилманан проблемаш дIаяхарна тIарикъат (суфизм) вайн сийлахьчу шайхин некъ Iаморна тIедевлира. Йоццачу хенахь бакъонца хьехамча хилла дIахIоьттира Ахьмад-Хьаьжа ерриге а Къилбаседа Кавказехь, Россехь, кхечу пачхьалкхашкахь. Иштта ца хилча ца долура эр дара муьлхачо а, цуьнан гIуллакхаш девзича. Кхидерг ца дийцича а тоьар дара, Исламан институтан ректор волчу хенахь Кадыров Ахьмад-Хьаьжас, динан экстремизман тIелетаршна ондда дуьхьало йина ца Iаш, 90-чу шерийн керлачу муьрехь хьехархой а, мутаIеламаш а тIарикъатан

некъа тIера дIасатаIарх ларбеш, цигахь керла Iеламнах кхиор. Цо таро елира тIаьхьа дерриге а халкъ тIарикъатан некъа тIехь латто, цуьнан барт чIагIбан. Иза доккха хIума а дара.

Вайнехан (нохчийн) доьзалехь кхетошкхиоран гIуллакхана боккха тидам тIебохуьйтуш хилла Ахьмад-Хьаьжас. Цунах лаьцна яздо М-Хь.Насухановс «Вайнехан (нохчийн) юкъараллехь доьзал кхиоран социаильно-психологически агIонаш» цIе йолчу декъехь. Цо къаьсттина хьахош хилла доьзалехь барт-марзо хила езаш хилар. Уггаре а хьалха, да-нана хила деза бертахь, вовшах кхеташ, вовшийн сий-ларам беш. Цул тIаьхьа доьзалехь а хила еза иштта лараме юкъаметтиг: «...воккханиг воккха а волуш, жиманиг жима а волуш...»

Шайх Кадыров Ахьмад-Хьаьжас адамашка кхайкхамаш бора: «...ХIай нах, вайнехан дай-нанойн гIиллакхийн лерам бахьара аш, мичара схьабаьккхина а ца хуучу нехан хIуманаш ма даржадахьара, дитахьара аш...» Тахана а шайн мехалла лахъелла дац и дешнаш. Цунах хоьттина дуьйцура цо: «Шен доьзалехь доладеш хила везара кьонаха. Шен доьзало лелош дерг хIун ду ца хууш хуьлийла ма дац вайнехан дай-наной. Церан пурба доцуш бакъо ма яц вайнехан доьзалхочун шен лаамехь дуьне ма-дду дIалела...»

Мухьаммад Пайхамаран (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) хьадис а далош, Ахьмад-Хьаьжас дуьйцуш хилла дена-нанна хьалха доьзалан долчу декхарех, къаьсттина нанна хьалха долчу декхарех, хьокъах лаьцна. Цкъа хоттучо Пайхамаре (Делера саламмаршалла хуьлда цунна) хьаттина хиллера: «Уггаре а хьалха ас хьан бохург дан деза?» Вукхо жоп делла: «Хьайн нанас бохург дан деза». «ТIаккха?» – хьаттина цо. «ТIаккха а хьайн нанас бохург дан деза». КхозлагIа хьаттича иштта жоп делла Делера саламмаршалла хиларо. ДоьозлагIа хьаттича: «Хьайн дас бохург дан деза», – аьлла жоп делла цо. Оцу кеппара да-нана лоручу доьзалехь барт а, ийман а, беркат а лаьттар ду. Иштта доьзал шайн юрт, мохк безаш хир бу, цуьнгахь къинхетам хир бу. Цуьнгахь хьагI-гамо хир яц.

КхидIа хIокху жайнин автора дуьйцу хааมийн гIирсаша адамашна, къаьсттина къоначарна бечу тIеIаткъамах а, оцу хьелашкахь тIарикъата чохь сацорехь Ахьмад-Хьаьжас хьехначу некъех а, яха езачу гIулчех а, кхидолчух а лаьцна. Цуьнца доьзна цо бовзуьйту Нохчийчоьнан Iилманан-талламийн исламан туьшо а, Ахьмад-Хьаьжас а, цунна тIаьхьа баьзначара а ийман, ихьсан чIагIдарехь, тоба дайтарехь бина баккхий белхаш. Ша аьлча, Iилманчийн кхеташоно вовшахтуьйхира гочдархойн тоба. Цу юкъахь бара Iаьрбийн а, нохчийн а меттанийн говзанчаш. Церан Iалашо яра бусалба жайнаш нохчийн матте дахар, бусалба цIена дин халкъа юккъехь дарждор.

Цуьнца цхьаьна автора доцца, амма кIорггера, дог тохадолуьйтуш дуьйцу Ахьмад-Хьаьжин кIанта Рамзана Нохчийчохь тIемаш дIабирзинчул тIаьхьа бусалба дин, тIарикъат чIагIдарехь, айъарехь, сийлахьчу эвлаяийн сий-ларам лакхабаккхарехь, церан зераташ, кхийолу еза меттигаш къагийна дIахIитторехь динчух а, деш долчух а лаьцна. Цо ма-бохху, шен дас дIадолийна гIуллакхаш лаккха айдина дIахьош ву иза. Кхидерг ца дийцича а тоьар дара, Соьлжа-ГIали юккъехь цо дина малхах къега «Нохчийчоьнан дог» маьждиг. Иштта, цунна юххехь йина Кишин Кунта-Хьаьжин цIарах йолу исламан университет.

Цул тIаьхьа автора бовзуьйту тасаввуфан (суфизман) кхетам а, чулацам а, иза юкъадаларан некъ а. Цо дийцарехь, тасаввуфан школа йиллинарг Увайсал Къарни (Дела реза хуьлда цунна) ву. Мухьаммад Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь Йеменехь ваьхна иза. Исламан Пайхамар – Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шена цкъа а гина воццушехь, Увайсал Къарнис бусалба Iилма шен дагца схьаэцна цуьнгара. Цуьнан хьехамашца вехаш, цо хьоьхучу некъаца хьалхахьа воьдуш хилла Къарни. Наггахь Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш а хилла: «Йеменера сайна тIедогIу къинхьетаме садаIар хаало суна». Ша кху дуьненара дIавахале цо дехар дина шен дукхар Iариф Увайсе дIадахьийтар. Иштта дехар дарца Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) чIагIдина дегнашна юкъахь зIенаш хуьлуш хилар. Оцу зIенашца тIеэцна хилла Увайсал Къарнис исламан маьIна.



Шен хьехамашкахь Кадыров Ахьмад-Хьаьжас дуьйцуш хилла тасаввуфо (суфизмо) дог цIандарна, цуьнга кхачош долу Iамал-Iибадат дарна боккха тидам тIебохуьйтуш хиларх лаьцна. Суфизмо гойту нийса некъ. Цо бусалба ийман чIагIдаре, гIиллакх тодаре кхачаво. Суфизм иза шен-шен хенахь, билггалчу меттехь деш долу зуькарш хилла Iаш дац, я цхьана метте ламазаш дан, доIанаш дан гулдалар хилла Iаш дац. Суфизм – иза нийса некъ (АллахIан тIарикъат ) бу. Тасаввуфах Шайх Хожа-Ахьмада-Хьаьжас а, Шайх Ахьмад-Хьаьжас а дийцинарг а довзуьйту М-Хь.Насухановс. Цунах дерг мелла а дуьззина а, шуьйра довза аьтто хир бу: «Керлачу сийлахь-йоккхачу Россехь суфийн философи а, Нохчийчоь юкъаралла а» коьртехь. Циггахь духе кхуьур ду Iилманан-талламийн исламан туьшо оцу декъехь бинчу боккхачу балхана.

Насуханов Майрбек-Хьаьжин жайнин шолгIа дакъа – халкъан серлончин шайх Ахьмад-Хьаьжин некъ – цIе йолуш ду. Цуьнан юьххьехь автора кхетадо: «Нохчийн халкъан имама Кадыров Ахьмад-Хьаьжас» сийлахьчу эвлаяийн (Iарифийн) тасаввуфан (суфизман) хьокъехь бина хьехамаш – иза кхузаманан дуьненан культурехь суфийн методологи ю. Цуьнца билгалдолуш ду Къилбаседа-Малхбален Кавказехь ийманехь кхетош-кхиоран къаьмнийн цхьаалла хилийтарна дикка Iаткъам бар а, суннитийн доктринин суфийн методологин теоретикаша юкъараллин дахарехь лелош долу мехала маьIна а.

«Царна юкъахь къаьсттина билгал ву сийлахьчу пайхамарийн а, эвлаяийн а некъашна, Iилманашна тIе а тийжаш, нохчийн халкъ кхиаран масех муьран проблемаш Iораяьхна волу Ахьмад-Хьаьжа. Цу юкъахь йоккха меттиг дIалоцу оьздангаллин агIоно. Кадыров Ахьмад-Хьаьжас боккха Iаткъам бира къоман идеологи кечъярна, гучубаьккхира салафиташа-хараджиташа нохчийн иймanna, динах тешарна бина вуон тIеIаткъам. Иза вара вахабизмаца а, экстремизмаца а луьра къийсам дIабахьа беза аьлла дуьхьхьара кхайкхам бинарг а, оцу зуламах нохчийн халкъ паргIатдаккхарехьа къийсам дIаболийнарг а. Нохчийчоьнна хилла ца Iаш, ерриге а Россина мехала дара и къийсам дIабахьар. ХIунда аьлча бусалбанашна, халкъашна юкъахь питана, жахьталла яржайо, бусалбанаш цIенчу некъа тIера дIахьовзабо вахабизман идеологаша. И дара Ахьмад-Хьаьжас шен хьехамашкахь дIакхайкхош дерг. Цо дерриге а халкъ цхьаьнатуьйхира вахабизмана а, экстремизмана а дуьхьал дIахьочу къийсамна. Халкъ цхьаьнатохарехь иза тIетийжара Сийлахьчу Къуръанна а, Мухьаммад Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннаташна-хьадисашна а. Цунах лаьцна дуьйцу автора вай хьахийначу декъехь.

Кадыров Ахьмад-Хьаьжин динан-политикин гIуллакхалла довзуьйтучу хенахь авторо билгалдоккху: «Шен дахарехь... Ахьмад-Хьаьжин политикин дуккха а хиламийн теш хила а, оцу хиламашкахь дакъалаца а дезна советийн империализман карзахъхьоьйлучу атеизман хенашкахь». Делахь а цуьнан дахарехь коьрта маьIна лелийра Советийн импери йохаро. Цул тIаьхьа цунна шуьйрра схьа-

еллаелира бусалба Iилма кIорггера Iаморан таронаш. Дала шена делла хьекъал а, хьуьнар а бахьанехь исламан тасаввуф Iаморца цхьаьна цуьнан таро хуьлура дахаран Iилманаш карадерзо а.

ТIехдика дешарца Бухарара исламан институт чекхъяьккхинчул тIаьхьа, шега кходош долу административни дарж дIа а теттина, Нохчийчоьнан бусалбанийн динан урхаллехь дехар дира шена хьуьжарехь хьехархочун болх бан бакъо йоьхуш. Иза ванне а реза вацара хьуьжаршкахь доьшуш болчу мутаIеламашна хьоьхуш долчу жайнашна, церан чулацамна. Цундела цо а, цуьнан накъосташа а масех шарахь цхьамогIа керла жайнаш арахийцира. Царна юкъахь дара синтаксисан, морфологин, биологин, физикин, астрономин, и дI.кх. жайнаш. Оцу жайнаш тIехь кхиийна мутаIеламаш тIаьхьа дика Iеламнах хилла дIахIиттира.

ХIоттаза а ца ваьлла, XXI-чу бIешаран юьххьехь политикан новкъа хIоьттинчу хенахь а, нохчийн дерриге а халкъ шен букъа тIехьа а лаьцна, Ахьмад-Хьаьжас дукхазза а дуьнене кхайкхам бира: «Ислам – иза маслаIатан а, машаран а, бартбаран а дин ду!» – аьлла. Нохчийн халкъ терроризмана, экстремизмана бехке дечу оцу муьрехь царал мехала дешнаш хир дацара.

Кадыров Ахьмад-Хьаьжас иштта дIахьедира: «Вайн къам хIора 40–50 шо мел дели, цхьана питанчаша кху чохь тIом а боккхий, хIаллакдеш ду. Вайн къам даима а тIом беш, къийсамаш беш ду... ХIай, нохчий, цкъа мукъане а нах санна (кхидолу къаьмнаш санна) даха хьовса вай!» Цунна дара цо нохчийн юкъараллехь барт лехар а, Россица, Россин халкъашца машар, маслаIат, уьйр-марзонаш лехар а, Нохчийчуьра тIом гуттаренна а дIабаккха гIертар а. И дерриге а политикин мехала гIуллакхаш бусалба динна тIетийжаш кхочушдора цо. Нохчийн халкъ Iалашдаран дуьхьа деш дара цо массо а хIума.

Амма нохчий кху дуьненахь шен амал, гIиллакхаш, Iадаташ, эхь-бехк, оьздангалла, мотт ларбеш, бусалба а болуш бехийла лаьара цунна. И мехаллаш ларъярехь дас-нанас, доьзало, цIийно, тайпано... лелон деза маьIна а билгалдоккхура Ахьмад-Хьаьжас шен хьехамашкахь, къамелашкахь. Цунах дерг а, ткъа иштта Ахьмад-Хьаьжин историга, ламасташка, культуре, дешаре хилла хьежамаш бовзуьйту авторо хIокху декъехь.

Цуьнца цхьаьна дуьйцу, Iилманан чолхечу маттаца, кIезиг девзаш долчу дешнех пайда а оьцуш Къилбаседа Кавказехь кхузаманан салафизман идеологин туьшаш яхкарх, вайнехан (нохчийн) цхьаалла чIагIъярехь культуро лелочу маьIнех, къоман оьздангаллин кхетам а, ойла а кхиоран коьрта ницкъ Iилма Iамор хиларх, дуккха а кхечунах лаьцна. И бакъдерш довзийтарна Кадыров Ахьмад-Хьаьжас юкъайиллинчу йоккхачу хазнина хьокъала боллу тидам тIебохуьйту цо.

Шена тIехь тидам сацош, ойла йойтуш ду Шайх Мансурах (Ушурмех) долу башха, инзаре дийцар. ХIокху могIанийн авторна дуьйцуш хезна доцчу дешнийн чуччадахарщца, дустарщца къамел Нухь Пайхамарна тIедолу, ойла тIеккхиале. Цунах лаьцна дуьйцуш дерш а ду тамашийна тоьшаллаш далош. Масала, автора дийцарехь, Къуръана чохь 43-зза хьахийна а, эзар шарахь ваьхна а волчу Нухь-Пайхамарх (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бераллехь Йашкур, Сакин я Iабдул-ГIафар олуш хилла. Цул сов НаджиуллахI (Лекхаволчун къайленаш хуург), Шайху-ль-Анбийа олуш хилла цунах. Кхуззахь хоуьйту цунах Нухь хIунда аьлла бохург. Иза дукха воьлхуш хилла наха леточу къиношна. Цундела Нухь аьлла цунах. Нухь бохург вольхуш верг бохург ду Iаьрбийн маттахь. Ткъа Нахьа (у), Новхьа, Навахьун, Нийахьатун – велха, воьлхург. Оцу могIарера кхетам болу дешнаш дукха даладо М.Насухановс. Цунах долу къамел дерзош цо яздо: «Ибн Iаббаса дийцина, ной тIе хьалаваьлларг Делах тешаш волу 80 стаг вара бохуш. Иштта, ной тIе хьалаяьккхина Адам Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дакъа чохь долу тIабут. Иза еара Джабраил Малико (Ибн Саад. 1-ра том, 41 агIо). Ной сецира Iашуран дийнахь Джабала Джуди лома тIехь».

Цул тIаьхьа, цхьамогIа Iилманчийн белхашна тIе а тийжаш, автора яздо Вавилон, Месопотами, Ассири, Шумер кхоллаялархь, кхиарх, цигахь даьхначу къаьмнийн хьежамех, культурех лаьцна. Оцу хьокъехь долу авторна хетарг ешархочунна мехала хир ду аьлла хета.

ХIокху жайнин кхоалгIа дакъа дIадолало «Нохчийн халкъан баьччин Кадыров Ахьмад-Хьаьжин некъ» коьртаца. Цу тIехь чолхечу чуччадахарщца, дустарщца, хьесапашца автора дуьйцу Кадыров Ахьмад-Хьаьжа Нохчийчоьнан муфти а, цул тIаьхьа Нохчийн Республикин Администрацин Куьйгалхо а, Президент а хиллачу муьрехь вайн республикехь хиллачу юкъараллин-политикин, экономикин, социальни декъан хьолах лаьцна. Къаьсттина тидам тIебохуьйту оцу муьрехь динан экстремисташна, реакционерашна дуьхьал дIабаьхьначу луьрачу къийсамах лаьцна, халкъашна юкъахь барт, машар, маслаIат хилийтарехьа динчу гIуллакхех лаьцна дийцарна. Автора билгал ма-даккхара, А.-Хь. Кадыровс хIетахь олуш хилла: «Халкъаш цхьа доьзал бу. Вай халкъашна юкъахь къестамаш бан ца беза. Далла хьалха вай дерриге а цхьабосса ду...»

Нийсо, бакъо, АллахIан Дош шен чолхечу, вуно халачу балхахь коьрта лоруш, царна тIера дIаса ца таьIаш Ахьмад-Хьаьжас диначу политикин, экономикин, динан, кхечу гIуллакхех лаьцна дуьйцуш автора вайна йовзуьйту исламан тасаввуфан социальни философи, XX-чу бIешеран чаккхенехь, XXI-чу бIешеран юьххьехь Россин Федерацехь, Къилбаседа-Малхбален Кавказехь, Нохчийн Республикехь пачхьалкхан-политикин система кхиаран башхалла.

Оцу муьрехь къоман-патриотийн ницкъаша демократин хийцамаш барехь Нохчийчохь дIабаьхьначу къийсамна, оцу къийсамехь Кадыров Ахьмад-Хьаьжас нохчийн халкъ, цуьнан гIиллакхаш, Iадаташ лардарехь лелийна доккха маьIна гайтарна боккха тидам тIебохуьйту Насуханов Майрбек-Хьаьжас. ХIетахь хилла болчу берриге а хиламашка бусалба динан бакъонашкахула, бехкамашкахула, Iилманехула хьоьжу иза, Ахьмад-Хьаьжа а санна.

Автора ешархошна кхетам ло Ат-Тасаввуфан, динан бакъонан шариIатан, Исламан, ФикъхIан, кхечуьнан хьокъехь. Цо дуьйцучух нийса кхетарна а, дешначун нийса маьIна дан хаийтарна а тIехь цунах доккха гIо а хуьлу. Делахь-хIета автор шен Iалашоне а кхочу. Цунна лууш дерг а ма ду ша дуьйцучух нийса кхетар а, даккха догIу маьIна даккхар а.

ХIара дакъа дерзош М.-Хь.Насухановс билгалдоккху: «ХIокху книги тIехь гойтуш ду серлончин Кадыров Шайх Ахьмад-Хьаьжин динан а, политикин а, экономикин а гIуллакхаш, Нохчийчохь керла Iедал дIахIоттаран хала, чолхе, галморзахаллех дуьзна долу некъаш...» Уьш гайта хьекъал а, ницкъ а, Iилма а тоьъна авторна. Делахь а, кхин цкъа а билгал ца дича ца долу авторан Iилманан мотт могIарерчу ешархочунна кхета, дуьйцучунна тIаьхьа кхиа, духе кхиа хала хилар. Книги тIехь вуно дукха ду девзаш доцу дешнаш. Церан кхетам бовзуьйтуш дошам яц.

Вуьшта, дуьззина схьаэцча, мехала болх бу авторо бинарг. Оцу ойланехь кхин цкъа а чIагIло тIаьххьара дакъа (корта): «Нохчийчоьнан бакъонца волчу паччахьан Кадыров Ахьмадан Рамзан-Хьаьжин некъ» дешча. Цунах лаьцна тIаьхьа дуьйцур ду вай. Дала мукъ лахь.




# ГЛАВА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ
# УКАЗ

*от 24.11.2015* *N 212*

## "ОБ ОРДЕНЕ КАДЫРОВА"

*В соответствии с Конституцией Чеченской Республики, в целях поощрения граждан и организаций за выдающиеся заслугисвязанные с развитием государственностиспособствующие процветанию и славе Чеченской Республики, постановляю:*

*1. Утвердить прилагаемые:*

*а) статут ордена Кадырова и его описание;*

*б) рисунок ордена Кадырова.*

*2. Признать утратившим силу Указ Президента Чеченской Республики от 19 августа 2004 года N 208 «Об ордене Кадырова».*

*3. Настоящий Указ вступает в силу со дня его официального опубликования.*

*Глава Чеченской Республики*

*Р.А.КАДЫРОВ*

*ШАМСУДИНОВ Бувайсар*

*Малхана дуьхьала кхоьлина мархаш*
*Б1аьстенах тардина г1орийна 1а,*
*Сан сирла Нохчийчоь д1аюьзна б1аьрхиш,*
*Сан х1ора ураман дагийна ц1а.*
*Малх а сан Нохчийчохь бегийча ц1ийца,*
*Даймехкан бераша доьг1ура ла,*
*Сан мехкан наноша дохура орца,*
*Цхьа а ма вацара къинан къа ган.*
*Цхьа а ма вацара довха дош ала а,*
*Цхьа а ма вацара доьхна ц1а дан,*
*Хьуна бисира тхан и боккха бала,*
*Хьуна дисира тхан 1адийна са.*
*Ткъа хьоьца Цхьа Дела – хьайн миска къам,*
*Мостаг1чо х1аллакбан айбина лам,*
*Гуш йолчу къизаллах цецьяьлла хан*
*Дерриг а дуьнено бехдина къам.*
*- Сан ду и,сан ду и,сан ду и къам а,*
*Со ву и,со ву и,со нохчо ву!*
*- Аьлла ахь дуьнене цкъа тоьхна мохь а*
*Дуьне кхин мел деха бехар ма бу.*
*Дехар ду доьналла,безам а къоме,*
*Дехар ду хьан гуттар хилла бакъ дош,*
*Нохчийчоь яхийтар – До1анаш Деле*
*Дехар ду т1аьхьено т1аьхьена хьо*